

Pelatihan  
Nyusun Kamus

2

KETUA DKB  
Dr. Taufik Hidayat

19

Hasnan Singodimayan  
88 tahun

24

EDISI 15


Juli - Desember 2018

ISSN 1979-6129

# Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa

MAJALAH BASA USING



BALABAHASA  
JAWA TIMUR





# Daftar Isi

## Lontar Using



# Daftar Isi

**Kamus Digital**  
*M. Oktavia Vidiyanti*

**Pembukaan Kampus  
Akademi Lalare Orkestra  
(KLLC)**  
*Moh. Syaiful*

**Pelatihan Nyusun Kamus**  
*HZ*

**Galeri Omah Seni S. Yadi K.  
Lan Pameran "Kembang  
Kawitan"**  
*HZN*

**Meras Gandrung, Tradhisi  
dadi Tontonan Turis**  
*Hasan Sentot*

**Roh Pagelaran Festival  
Gandrung Sewu Tahun 2018.  
Layar Kumendhung**  
*Abdullah Fauzy*

**Dalan Padhange Gandrung  
Sewu ring Tangane Sumitro  
Hadi**  
*M. Oktavia Vidiyanti*



**2 Saur Manuk Gandrung  
Sewu 2018:**  
*AJ*

**3 Gandrung:  
Magih Semelamber  
Sampure**  
*Eko Budi Setianto*

**6 KETUA DKB**  
*M. Oktavia Vidiyanti*

**8 Nggantungaken Angen  
nang Ketua DKB Anyar**  
*Hasan Sentot*

**9 Hasnan Singodimayan,**  
*M. Oktavia Vidiyanti*

**11 Laras Belambangan  
Tansaya Ilang**  
*Anggitane: Moh. Syaiful*

**13 Niteni Basa Using Teka  
Macaan Pacul Gowang**  
*Hasan Sentot*



**15 Sibrake Balambangan Dadi  
Enem Kabupaten**  
*Mas Aji Ramawidi* 32

**17 PERSEPEN  
Budaya Luhur Belambangan**  
*Muh Nur Rofik* 35

**19 Generasi Milenial**  
*Arif Wibowo* 37

**21 Berita Buku**  
*Iwan* 39

**24 Resensi Buku: Lontar  
Yusup Banyuwangi**  
*Hasan Sentot* 41

**27 Resensi Buku: Belanda  
di Bumi Blambangan**  
*AJ* 43

**30 Resep: Jenang Sura**  
*HZ* 45

**30 Cerndek:  
Mawat Kanggo Aini**  
*Satria Pujangga* 46

**30 Mulih**  
*Nur Holipah* 48





# Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa  
MAJALAH BASA USING



## Uluk Salam ....

Gandrung Sewu lan Ketua DKB Anyar

Kadhung ngomongaken kesenian Banyuwangi ibarate banyu mili hang sing ana asate. Tambah dijuwuti banyune tambah gedhi sumbere. Regenerasi seniman kaya nana enteke. Ana hang ngibaratakan lare Banyuwangi lair procot wis bisa nyekel angklung, wis bisa nabuh kendhang. Sak akehe 77 festival hang dianakaken Pemda, emeh kabeh mbutuhaken rekadaya kreasi seniman-seniman hang ana ring Banyuwangi. Kelendi nggawe tontonan hang saben taun dianakaken taping magih bisa njumbulaken tontonan hang tetep nggawe kaju penontone.

Umpamane kaya Festival Gandrung Sewu. Kadhung bengen jamane durung ana festival-festivalan, nawi sara nggolet silihan kelambi gandrung, saiki malah hang ndaptar arep milu emeh lare 5.000, jare Ketua Dewan Kesenian Blambangan hang anyar, Dr. Taufiq Hidayat. Nong edhisi iki mangkane ya ana wawancara ambi Dokter spesialis Andrologi iki. Sarta dipilih-pilih magih ana sewu lebih gandrung hang milu. Iku bain wis eret-eretan ulihe milih hang endi hang ulih milu lan hang endi hang sing.

Ring edhisi iki ana pisan wawancara ambi Pak Mitrok hang ngawiti koreografi Gandrung Sewu. Kelendi kekarepane lan paran hang kepingin diarepaken teka tontonan masal lebih sewu gandrung iku.

Gandrung Sewu taun iki magih dianakaken nong Boom masiya ana suwara hang njaluk acara Festival iki diendhegaken sulung kerana akehe musibah hang ana ring negarane dhewek. Emane hing ana paran-paran. Suwara hang sing setuju iki nggawe ubrek donya maya ring media sosial.

Buru mudhun gandrung, ring kulon ngingsore Gunung Ijen ana peresmian panggonan hang nduduhaken 1000 patung gandrung ukuran sak wong temenan. Tradhisi meras gandrung cumpu ditontonaken pisan ring kene.

Taping, festival-festival iku paran gunane kanggo Laras Belambangan? Endane temenan tah festivale iku tambah nyeren nong pinggir Laras Blambangan selendro hang wis digawe para buyut bengen?

Ana pisan warta peluncuran buku, hang siji Lontar Yusup, hang macaane magih kerep dilakoni wong Kemiren, lan ana buku Belanda di Bumi Blambangan hang arupa cathetan lan surat-surate wong Landa ngenani kedadeyan hang ana ring bumi Belambangan. Muga-muga paran bain kabeh iku nambahi sugihe Banyuwangi.

Salamun wa taslimun.  
Talam wadhaha limun



Redaksi: M.Oktavia Vidiyanti



Penanggung Jawab: Drs. Mustakim, M.Hum.

Pimpinan Redaksi: M. Oktavia Vidiyanti, M.Pd.

Penyunting: Balok Safarudin, Antariksawan Jusuf, Hani Z Noor, Yani Paryono, Khoiru Ummatin

Tata Letak/Desain Grafis: Oky NP

Sekretariat: Ni Ketut Sumitri

✉ Balai Bahasa Jawa Timur-Jalan Siwalan Panji Buduran Sidoarjo 61271

☎ 031-8051752

@ oktaviavidi@yahoo.co.id

🌐 www.balaibahasajatim.kemendikbud.go.id





# KAMUS DIGITAL



**D**ina Minggu 21 Oktober 2018 dadi saka guru hangpenting kanggone Basa Using, kala **Paguyuban Sengker Kuwung Belambangan (SKB)** mantepaken kerjasama ambi **Jinggolabs**, kumpulan mahasiswa/i Poliwangi hang seru gedhi semangate niyapaken wadhah dienggo **Kamus Digital Basa Using**.

Kerana teknologi ring jaman saiki saya modern lan canggih, salah siji cara hang bisa dipiloni kanggo ngelestarekaken Basa Using ya kelawan miloni teknologi hang ana iki. SKB mula wis nggagas nggawe website hang salah siji *fitur* nong website iku mau arupa Kamus Digital: Using-Indonesia lan Indonesia-Using. Kaya tumbu ulih tutup, kecaruk nyang dosene lalare iku mau hang aju nggesahaken rencana lan sekabehane sampek nggadug nyang mupakate pihak SKB nyang Jinggolabs.

Kamus digital Using-Indonesia iki tetep nganggo dhasar Kamus hang wis ana, yaiku Kamus Bahasa Daerah Using-Indonesia hang disusun nyang ruwahe Pak Hasan Ali, idin teka keluawarga ahli waris hak kamus wis dijuluk lan diidini nyang Mbok Emilia Contessa, anake ruwahe Pak Hasan Ali hang paling tuwek.

Ring dina-dina mengarep iki arep disempurnakaken kelawan nambahi ucap-ucap hang durung ana ring kamus. Naming kanggo kamus Indonesia-Using arep dikawiti mulai teka nol.

Ring kamus digital iki ngewani panggonan nyang sapa bain hang duwe wigati nyang basa Using, uwong-uwong iku bisa dadi penyumbang ucap kelawan ngirim ucap hang durung ana ring kamus, dhaerah asal hang wis anjerah nganggo ucap iku, lan sepiturute.

Kamus digital iki engko uga dikarepaken bisa nambahi sugihe ucap-ucap anyar hang bisa bain merujuk teka kebutuhane basa hang kudune bisa miloni kemajuan jaman. Umpamane ucap hang ana hubungane ambi ilmu pengetahuan lan teknologi hang mula durung ana ring ucap aseli basa Using. Ucap-ucap anyar iki bisa ngamet teka oyote basa Using yaiku Jawa Kuna, utama njuwut teka basa liyan, kayata basa Jawa uga basa Indonesia lan basa asing.

Umpamane kaya hang wis mulai dienggo nyang ketua SKB Kang Antariksawan Jusuf hang nganggo ucap anyar "wawarah" hang asalae teka warah-warrah. Sing mohal pisan kadhung engko ana ucap anyar hang bisa dienggo seteruse, kerana mula basa iku sing ulih mandheg naming kudu gelem ngamet teka basa liyan.

Tepak ring dina iku ana pisan Kang Doktor Ganjar Harimansyah teka Badan Bahasa hang milu gesah, milu ngerungokaken paran hang dijelentrehaken tim Jinggolabs, uga ngewani arahan pisan kelendi cara hang bener nyusun kamus iku mauka.

Muga-muga jangkah hang wis dikawiti iki bisa nggawa Basa Using nyang panggonan hang lebih wera, bisa diweruhi nyang sapa bain hang sambang nyang web iku mau saingga Basa Using saya cenger saya moncer.

M. Oktavia Vidiyanti



# Pembukaan Kampus Akademi Lalare Orkestra (KLLC)

Dibarengaken ambi Peringatan Sumpah Pemuda  
tanggal 28 Oktober taun iki dadi tetenger ngadek-jejege  
Akademi Lalare Orkestra Banyuwangi.

*Instruktur lan Pengurus Akademi Lalare Orkestra Banyuwangi*








Mohamad Bramuda, Kadis Kebudayaan dan Pariwisata Kab. Banyuwangi



Dr. Taufik Hidayat, Ketua Dewan Kesenian Blambangan (DKB) Banyuwangi



Hasan Basri Direktur Akademi Lalare Orkestra Banyuwangi



Syamsudin Adlawi Ketua Dewan Pengarah Akademi Lalare Orkestra

**M**anggon ana ring Kampus Akademi Lalare Orkestra-KLLC, Jl. KH Agus Salim No 31A Banyuwangi. Dina iku pancen dibarengaken ambi dina Peringatan Sumpah Pemuda, nurut Hasan Basri direktur Akademi Lalare Orkestra Banyuwangi, diarep-arep bisa muga dina ngadek-jejege Akademi iki dadi tetenger kebangkitane pemuda ring Banyuwangi liwat Akademi Lalare Orkestra. Sakteruse Hasan Basri nerangaken tujuwane Akademi iki dianakaken ring Banyuwangi sakliyane dadi wadah anggone lalare ndalakaken bakat lan minat nyang babakan tetabuhan uga dikarepaken makene bias duwe jati-diri, professional lan duwe karakter hang maton.

Sakmarine macaan Lontar Yusuf acara diangkati. Tabuhan terbang bareng antarane Mohamad Bramuda, Kepala Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kab. Banyuwangi, Taufik Hidayat, Ketua Dewan Kesenian Blambangan, Kadafi Kadiso, pengusaha Banyuwangi, Syamsudin Adlawi, Lurah Taman Baru lan Komandan Kodim Banyuwangi dadi tetenger ngadeke Akademi Lalare Orkestra iku.

Ring pidato sambutane Taufik Hidayat Ketua Dewan Kesenian Blambangan nguweni ular-ular nyang wali murid Akademi Lalare Orkestra dhung kabeh Lalare hang milu nyang kegiatan



tabuh lan music bakal bias ngelatih utek tengene. Kadhung ring sekolahan wis dilatih utek kiwane, ring Akademi bakal dilatih utek kiwane mula iku bakal bias ndadekaken karo-karone urip imbang. Sakteruselare-lare bias duwe kecerdasan lan kreatifitas kaya hang dikarepaken ring wong-wong pendhidhikan jaman saiki.

Satus pitulikur lare bakal dilatih lan diajari tabuhan Banyuwangi uga diweni ilmu ring bab musical ring kampus Akademi Lalare Orkestra saklawase petang semester. Muhamad Bramuda negasaken dhung Pemda Banyuwangi bakal terus ngupaya dana kanggo nyokong Akademi Lalare Orkestra hang jare anane mung ring Banyuwangi iki lan siji-sijine hang ana ring Indonesia iki.

Hang pungkasan Syamsudin Adlawi hang didhapuk dadi Ketua Dewan pengarah Akademi Lalare

Orkestra duwe angenan kampus iki bakal dadi punjere akademi lan keilmuan music tradisional Banyuwangi hang bias dadi panggonan penelitian lan pengembangan music tradisional Banyuwangi.

(Moh. Syaiful)



*Nabuh terbang bareng tetenger ngadek-jejege Akademi Lalare Orkestra*



*Tumpengan tandha wujud syukur nyang Pengeran bias ngebangi kampus Lalare Orkestra Banyuwangi*



# Pelatihan Nyusun Kamus

*Pelatihan iki dipiloni kira-kira 45 peserta, ana guru, mahasiswa, penulis, pegiyat basa lan budaya, lan ana pisan peserta teka njaban hang kepingin ngangsu kaweruh bab cara nyusun kamus iki.*







Salah siji syarat hang kudu diduweni nyang kabeh basa ring donya iki hang njaluk diakoni dadi basa yaiku anane kamus. Semono uga Basa Using. Kamus hang diduweni Basa Using, hang seprene dienggo babon penulis buku lan dienggo panduan mulang ambi guru yaiku Kamus Bahasa Daerah Using-Indonesia hang disusun ring ruwahe Pak Hasan Ali. Seprene, kamus iki durung tau diuwah, dibecikaken utawa ditambahi ucap-ucap hang luput durung kelebu ring kamus, uga ana pisan ucap-ucap hang gemantung durung ana artine naming ucape wis ditulis ana ring kamus.

Salah siji wigatine Paguyuban Sengker Kuwung Belambangan (SKB) nyang Basa Using ya bab kamusiki.

Dina Minggu tanggal 21 Oktober 2018 kepungkur, manggon ring ruang F4 Kampus UNTAG

Banyuwangi, dianakaken Pelatihan Penyusunan Kamus hang kaping pindho. Pelatihan iki nduweni tujuan supaya saya akeh wong Banyuwangi utawa sapa bain hang nduwe wigati nyang Basa Using bisa milu urun pikiran nggawe sempurnane kamus hang wis ana.

Ring pelatihan iki SKB nekakaken Kang Doktor Ganjar Harimansyah, pejabat Badan Bahasa hang mandhegani perlindungan basa-basa dhaerah ring Indonesia. Mula tepak lan dadi rejekine kabeh peserta hang miloni pelatihan.

Tepak ring pelatihan iki, Mbok Emilia Contessa, anak penggarepe Pak Hasan Ali teka ambi anake, sakperlu nduduhaken dhukungan nyang kegiatan hang digagas SKB iki lan ngewani hibah 50 buku Kamus bahasa Daerah Using-Indonesia hang diserahkan anake Mbok Emil, Enrico Tambunan nyang salah siji peserta. Kamus dibagi nyang kabeh peserta lan ana uga hang diserahkan SKB nyang perpustakaan sekolah SMPN 1 Banyuwangi. Ajeg lan jejege Basa Using iki gemantung nyang awak dhewek kabeh hang rumangsa milu nduweni basa iki. Kadhung dudu isun lan rika, aju sapa maning? Kadhung sing saiki, aju nganteni kapan maning? (HZ)







## *Galeri Omah Seni S. Yadi K. Lan Pameran "Kembang Kawitan"*

Tambah siji maning panggonan hang bisa dadi jujugan wong kelenceran ring Banyuwangi, yaiku galeri seni hang diarani padha ambi aran hang duwe kang Yadi, Omah Seni S. Yadi K. hang dibangun ring bucu mburi sanggar lukise ring Bakungan Banyuwangi.

Tepak mbukak acara Pameran hang nduweni judhul "Kembang Kawitan", Bupati Anas ngelungkaken aleme nong anane galeri iku. "Panggonan iki seru apike kanggo salah siji alternatif panggonan jujugan wisata ring Banyuwangi. Seperene, akeh tamunipun hang magih takon-takon kelendi proses kreatif Pak Yadi iki. Seru apike kadhung wisatawan bisa menganan merene, ndeleng lukisan lan ndeleng pisan kelawan langsung aktivitas ngelukise."

Anane Omah Seni iku, jare Pak Anas, nggenepi papan jujugan (destinasi) Gunung Ijen. Wisatawan hang marek munggah Gunung Ijen bisa nekani papan jujugan liyane hang ana ring ngisore Ijen. Liyane Taman Terakota Gandrung ring Jiwa Jawa Resort hang ndadekaken seni patung dadi punjere, wisatawan ya bisa teka merene."

Pak Anas ngakoni gok iyane kerep ngejak para seniman lan budayawan kanggo namtoaken kebijakan. Umpamane tepak nggawe bangunan gedhi kaya hotel lan panggonan umum liyane. "Arsitek hotel Hun wajibaken presentasi sulung nyang para seniman lan budayawan. Kudu mastekaken gok bangunane iku wis nyesep konsep kebudayaan lokal," jare Pak Anas.

Kang Yadi dhewek ngerasa ditantang ambi omongane Pak Anas. Galeri senine iku dikarepaken dadi panggonan para seniman megiyet, bisa kanggo nggawe workshop utawa pameran nong kono.

Kang Yadi iki minangka pelukis hang wis kesuwur ring jagat seni lukis nasional lan internasional. Tau milu pameran ring Edwin Gallery lan Taman Ismail Marzuki. Salah siji lukisane hang nduweni judhul "Paju Gandrung" dikoleksi istana negara. Galerine hang ana ring ngarep, gandheng pisan ambi Palm Sugar Cafe, warung hang nyediani macem-macem panganan, teka hang moderen kayata pizza lan pasta sampek hang tradhisional (HZN)





## Meras Gandrung, Tradhisi dadi Tontonan Turis

**G**andrung kesenian aseli Banyuwangi, kawitane teka tradhisi Seblang Olehsari lan Bakungan iki, saiki arane tambah moncer sak jagad. Paran maning dianakaken Festival Gandrung sewu, gawok lang gumune wong njaba sing mari-mari. Weruh lare-lare wadon hang akehe ewonan njuget Gandrung bebarengan ring Pesisir Boom, Banyuwangi.

Sejarah Gandrung wis ketulis ring pirang-pirang asil penelitian, uga buku-buku liyane. Kawitane wujud kesenian hang rupa tabuhan kendhang, gong wadon, bahola lan keluncing, aju ana hang njuget lan nembang diayahi wong siji, yaiku aran Gandrung. Embuh sapa bengen hang ngarani Gandrung iku, apa wong Banyuwangi (pelaku kesenian), apa wong njaba hang ngeramesi serta weruh lan ngerti wujud Gandrung. Naming hang jelas, Gandrung iku kesenian makili masyarakat tani (agraris). Kabeh selametane muja nang Dewi Sri, kanggone wong tani dipercaya minangka Dewi Keseburan.

Kanggo ngelestarikaken kesenian Gandrung, ring Kemiren iki ana tradisi “Meras Gandrung”. Tradisi iki dikawiti wong tuwek hang nitipaken anak wadone, supaya diajari njuget Gandrung. Serta wis mahir njuget, aju diajari nembang. Tembang-tembange Seblang hang dadi pakem Gandrung, kudu diपाल ambil calon Gandrung. Tradisi Peras Gandrung iku mau saiki mulai dibungkus dadi 'drama tari' bisa ditawakaken dadi tontonan turis hang teka nyang Banyuwangi.

Manggon ring Jiwa Jawa Ijen, Licin, Banyuwangi pentas “Sendratari Meras Gandrung” pancen tontonan kelas lan pantes dideleng para pejabat, uga turis manca negara. Arep sing kelas kelendi, panggunge (amphiteater) apik arupa jajang-jajang hang ditata melengkung tanpa atep. Damar sorot

werna biru nambahi kahanan kaya ring latar pas padhang ulan. Para penonton lungguh undak-undakan (tribun) hang digawe mancep ring kana.

Pentas meras Gandrung iki hang ngatur lakune Haidi Bing Slamet teka Kemiren, ambi disokong Mbok Temu, gandrung kondang teka desa hang pada. Haidi pancen tepak kadung ngatur laku, uga milih hang dadi lakon (casting) ring sendratari mau. Pacakan paran anane, kelambi cemeng hang wong Using Kemiren. Dandanan ya paran anane, sing ganggo wedak ngedhok kaya umume wong pentas saiki. Mung hang dadi jim abangan, dandanan pancen nyentrong kaya dene dandanan tokoh Buta ring pentas drama tradhisonal has Banyuwangi.

Penonton hang wis sing serantan ngeteni, serta merek ngerungokaken tabuhan pambuka, aju teka tengah-tengah penonton mecungul emak-bapak, pasangan laki-rabi ambi ngomong cara Using, nguwatiraken nang nasibe anake mengarep. Wong keloron mau, kepingine anak wadon mau bisa marisi Seni Gandrung, ambi ajar nang gandrung tuwek hang ana ring desane.


Enak-enak wong keloron omong-omongan, metu anake hang aran Endun ambi kanca-kancane hang njuget lan nembang “Santik”, gendhing hang lagi moncer ring tingkat nasional. Amba goyangan has jugetan lare enom saiki, Endun kaya sing ngereken emak-apake lan enak nerusakan nembang lan jugetan. Teka kene isun tambah gawok, temekaken seniman-seniman Kemiren iki wis lancar nang pentas panggung modern, Mulai teka milih penganggo (costum), milih pemain (casting), nyebar pemain ring panggung (blocking), kabeh wis dirancang temenan. Paran maning wis nganggo mic-wireles, dadi sing perlu gentenan mik maning kaya janger, kadhung arep antawacana (omong-omongan). Kahanan iki ndadeken apike para pelakon mau ngetokake watak



hang kudu diperanaken. Pesen hang arep diwekasaken ring pentas iku, kadhung kesenian Gandrung lan seniman pisan, kudu ana peneruse. Wong tuwek lan lare-lare, aja sampek kebelinger nang kesenian njaba lan lali nang kesenian adiluhung tinggalane embah buyut bengen. Paran maning Gandrung wis dadi tanda (icon) Banyuwangi, kelendi kadhung sing ana hang gelem nguri-guri lan gelem nurunaken nang lare-lare enom. Bisa punggol tengah dalan. Ambi akeh macem pentas Gandrung, Haidi liwat meras Gandrung iku kepingin negesaken, kadhung uwong hang dadi Gandrung temenan (profesional), kudu bisa njuget lan nembang. Sing kaya saiki, hang njuget Gandrung ambi hang nembang uwong dhewek-dhewek. Iku niru kesenian Tayub ring Jawa, sak kelebatan kaya meh padha. Ale adoh bedane ambi Gandrung, durung maning pelanggaran moral hang kudu dijaga lan diugemi ambi panjak lan seniman Gandrung. Pancen kanggo tontonan turis, sendratari iku pantese dawane (durasi) bisa rada dipunggol. Mane sing ngelanthur lan ringkes, paran maning aju dilengkapi teks (tulisan) ring brosur Basa Inggris, Using lan Indonesia. Ambi ndeleng sendratari mau, penonton sak durunge wis ngerti ringkesane (sinopsis) ceritane. Cara kabehe penampilan Sendratari iki, isun bisa mbijik wis apik kari nambah-nambahe sithik kanggo nyempurnaaken tembe ngarepe.

### UJI COBA

Sendratari hang pentas Sabtu (21/10/2018) bengi iku pancen istimewa temenan, merga sak liyane ditonton Wakil Gubernur, Jawa Timur, Saifullah Yusuf



sak keluarga, uga Menteri Pariwisata Arief Yahya uga teka sak keluarga. Malah ana mantan Kapolri, Roesmanhadi lan pengusaha teka Jakarta uga bisa teka lan nonton pentas sendratari. Jare hang duwe Jiwa Jawa Resort, Sigit Purnomo, Peras Gandrung iku minangka upacara selemetan sak durunge dadi Gandrung. Iyane kepingin seru niru Ubud Bali, ana pentas mugen lan ajeg ring panggonane iyane, bisa dideleng wong njabane Banyuwangi. Hang ngisi ritual "Peras Gandrung" iku, saiki teka Kemiren, ulan ngarep bisa Teka Singojuruh, Rogojampi lan daerah-daerah liyane. Mangkane Sigit aju mbangun panggung gedhe, keneng dienggo nyediani seniman-seniman Banyuwangi kadung arep mentasaken karyane. Panggung hang ana ring ereng-ereng Gunung Ijen iki, pancen tepak seru. Pinggir panggung arupa sawah-sawah miring lan kebonan, wis akeh ngadek patung Gandrung teka lemah hang dibakar. Patung Gandrung (terakota) iki gawenane perajin teka Kasongan Yogyakarta. Iki jare Sigit, kanggo ngeregani nang kesenian Gandrung hang wis kesuwur ring endi-endi.

Muga bain niat lan karepe Pak Sigit mau, ndadekaken para seniman tambah gedhe tekade nguri-nguri kesenian dhaerah. Tuntutan seni tontonan moderen kudu dipiloni, aja ngandalaken cara-cara kuna hang wis ketinggalan. Masalah suwara (audio) pancen kudu digatekaken temenan, masiya jugetane lan nata lakone apik, tapi dirungu kemeresek, penonton bisa langsung ninggalaken panggonan lungguh. Kanggo seniman liya hang njajal nguripaken kesenian lan panggonan ring dhaerah, 'konsep' hang dienggo Haidi Bing Slamet iki keneng ditiru lang

dikembangaken. Kaya sabene ring Kunir, Singojuruh, uga ana Tradisi "Peras Gandrung". Mane tradisi mau keneng 'diedol' ning njaba minangka tujuan wusata, carane mbungkus ya kudu apik. Kadhung ring panggonan kono durung ana panggung kaya di "Jiwa Jawa Resort Ijen", bisa manpaataken Ruang Terbuka Hijau (RTH) ring angger-angger Kecamatan. Malah akeh sak kecamatan lebih teka siji RTH. (Hasan Sentot)





## ROH PAGELARAN FESTIVAL GANDRUNG SEWU TAHUN 2018. LAYAR KUMENDHUNG

**LAYAR LAYAR KUMENDHUNG  
OMBAK UMBUL RING SEGARA  
SEGARANE TUAN AGUNG  
KANG TUMENGGUNG NUNPAK KERETA**

**Arti bebas:**  
Layar-layar perahu gedhi dikerek dhuwur. Katon  
teka kadohan nyelaru ambi mendhung kang  
ndhempel-ndhempel ring langit sokelat.  
Membat-mayun, ilang-njumbul kaya dienggo  
memengan ombak segara  
Ombak segara kang diduweni Tuan Agung  
Kang Tumenggung numpak kereta

**LILIRA GULING  
SABUK CINDHE RING BURISE  
KAKANG-KAKANG NGELILIRA**

**SAWAH BENDHA (BANDHA) GELANG SELAKA**

**Arti Bebas:**  
Ngelilira bantal guling  
Sabuk sutera wis singset ring bangkekan  
Kakang-kakang tangiya tah





## Gesahan

Sawah Bendha iku regane padha ambi gelang perak.

Tafsir bebas:

Wis dimaklumi, guling iku bantal dawa lan bunder. Biasane dipeluk ambi uwong turu kang kepingin ngerasakaken anget. Apa kira-kira kang digugah supaya ngelilir iku bantal gulinge? Mulane keneng ditafsiri kang digugah iku uwong kang turune meluk guling. Apuwa digugah? Polae tekad maju perang wis singset lan kukuh. Kang digugah sing mung kudu ngelilir taping kudu gancang njenggirat. Diajak maju perang, aja ngeboti sawah bendha kang regane sing sepiraa, mung sak rega ambi gelang perak. Sawah uga keneng dienggo pengenget-enget, ring tengane ana galengane. Sapa bain kang ngadeg ring galengan, bisa nyawang kedhokan ring kiwane utawa ring tengene. Artine, bisa ndeleng sapa kang ngelompok ring mburine VOC lan sapa kang nbelompok ring burine Pejuang.

**LILIRA KANTUN  
SAK KANTUNE LILIRA YUGA  
SAPANEN DHAYOHRKA  
MBOK SUPROBO MILUTAMA**

Arti bebas:

Ngelilira sira lare nom-noman  
Lan ejaken anak turunanrika  
Kanggo nyapa dhayohrika  
Mbok Suprobo milu dadi uwong penting

Tafsir bebas:

Ring bait iki wis gamblang dhung para Gerilyawan ngajak peneruse lan ngongkon ajak-ajak nong anak-putune supaya gelem berjuang ngedhepi uwong-wong VOC lan para kacunge. Dhung kabeh maju perang lan menang, kabeh keturunane Wong Agung Wilis, Jogopati lan keluarga prajurite milu lega atine bisa urip tenterem.

**SEKAR JENANG  
MAULAN NDADARI KUNING  
AGUNG ALIT TEMURUNA  
KAULA NYUWON SEPURA**

Arti bebas :

Gelali rika aja lali  
Ulane gedhi bunder mencorong nguning padhang  
Lare-lare cilik, lare enom-noman lan uwong tuwek-tuwek padha mudhuna.  
Isun njaluk sepura

Tafsir bebas:

Bait pungkasan iki ngengetaken gok lakune penguripan uwis diumpamakaken ketemu dalam padhang. Mulane nawi ana salah lupute, para Pejuang njaluk sepura nong kabeh kawula dene paran kang diperjuangkaken dianggep durung tutug. Utawa njaluk sepura merga gara-gara perjuangane, Mas Alit sampek gadug nong semayane.

(Abdullah Fauzi)





## Dalan Padhange Gandrung Sewu ring Tangane Sumitro Hadi

**G**andrung Sewu taun 2018 iki nganggo aran “Layar Kumendhung.” Cerita hang dikarepaken iki nyeritakaken rakyat Banyuwangi hang nanggung susah mergane Mas Alit Bupatine digawa VOC nyang Semarang nunggang kapal hang benderane VOC. Magih kaya saban tahun-tahun hang sulung Gandrung Sewu uga magih manggon ring Pantai Boom Banyuwangi. Kirane panggonan iki cocog ambi lakone hang saiki setting panggonan ana ring segara.

Masiya sak teruse dadi rame lan viral ring medsos perkara bendhera lan perkara njelentrehaken bab gendhing kuna “Layar Kumendhung, nyatane sing sithik uga hang katut atine kegawa nyang cerita ring Gandrung Sewu. Ana uga hang sing setuju merga Gandrung Sewu saiki dadi pertunjukan teatrical hang parek nyang drama. Hang saiki pancene ya wis beda ambi hang bengen-bengen. Hang bengen antarane drama utawa fragmen teatrical ana panggonane dheweklan sing mbuget utawa ngethok hang aran jugetan jejer gandrung iku dhewek.

Kelendi saktekene gelaran Gandrung Sewu hang sak benere, ring kene Lontar nyaruki Sumitro Hadi, ana ring umahe Desa Gladag Kecamatan Rogojampi. Pak Mitrok, gediku biyasahe uwonge diceluk dadi salah sijine penganggit lan sutradarane Gandrung Sewu sakat tahun 2012 sampek tahun 2015.

Lontar : Assalamualaikum Wak Mitro, kepundi kabare?

Pak Mitro : Alhamdulillah, apik-apikbain.

Lontar : Sakniki mboten terlibat teng Gandrung Sewu malih Ndika?

Pak Mitro : Using wis, wayahe gentenan ambi hang enom-enom.

Kapan maning hang enom bisa nggarap kadhung sing diweni panggonan. (Gemuyu-gemuyu ambi nulih nyang hang wadon hang biyasahe



bengen mesthi nulungi nggawe jugetan kanggo Gandrung Sewu)

Lontar : Gandrung Sewu sakniki kok mboten saget kados Gandrung Sewu sengen-sengen Wak?

Pak Mitro : Jamane wis uwah, wis ganti. Kadhung bengen uwong magih kaju kerana magih anyar durung tau ana. (ngatokaken sing gelem ngunggulaken awake dhewek, red)

Lontar : Kabeh uwong nganteni garapanndika malih merga kepingin weruh Gandrung Sewu hang kaya bengen.

Pak Mitro : Hang enom-enom lan hang pinter-pinter saiki wis akeh. Hang tuwek kaya isun iki saiki wis wayahe nonton, padha nonton. (gemuyu renyah ambi nekepi untune hang wis salin untu pasangan)

Lontar : Saktekene kelendi carandika bias nggawe Gandrung Sewu hang apik niku Wak?

Pak Mitro : Mestine kudu nggawe gendhing, tabuhan, lan syair hang padha aju dicaremaken ambi dramatikal tema.

Lontar : Dadi kudu nggawe gendhing anyar?

Pak Mitro : Kadhung kepingin apik sakmestine kudu gediku. Naming kadhung sing nggawe gendhing anyar bias golet gendhing hang wis ana taping kudu pas ring dramatikale. Alhamdulillah seperono-seperene iki Isun magih diweni gampang nggawe gendhing anyar, dadine sing kangelan golet-golet gendhing lawas.

Lontar : Sakliyane

gendhing, syair lan tabuh hang kudu carem ambi dramatikal paran maning hang penting kadhung nggarap kolosal iku Wak?

Pak Mitro: Obah lan tingkahe penari





Pak Mitro ring Sanggarebarengambi Wong SKB (SengerKuwungBelambangan)

andum ilmu lan  
kaweruhanndika. Terami  
hang ageng.  
Pak Mitro : Iyo wis.Terima.

**Sakuwil riwayat Sumitro Hadi**

Pak Mitro hang dadi koregrafere Tari Masal "Gandrung Sewu" tahun 2012, 2013, 2014, lan 2015 iki dilairaken ring Banyuwangi, tanggal 16 Agustus taun 1951. Bapake arane Sukoso Hadi Santoso lan emake arane Liswati. Magih cilike Pak Mitro sekolah ring SDN 1 Rogojampi tamat taun 1965. Sakteruse nerusaken sekolah ring SMPN 1 Banyuwangi tamat taun 1967.

Taun 1970 tamat teka SPG Pandan terus nerusaken sekolahe nyang PGSLP (Pendidikan Guru Sekolah Lanjutan Pertama) taun 1971. Mari tamat teka PGSLP Pak Mitro dadi guru ring SMP 2 Rogojampi. Taun 1968 wis bisa nggawe gendhing lan tarian, gendhinge "BantengTangi", lan tariane kang kawitan yaiku "Lelewane Lare Banyuwangi". Rasa dhemen nyang kesenian diterusaken ambi ngedekaken Sanggar kang diarani "Sanggar Jingga Putih" ambi rabine hang aran Sri Uniyati. Sampek saiki Sanggare tetep ngadeg lan terus produksi ambi anak lan putu-putune hang uga dhemen kesenian Banyuwangi. Murid-murid sanggare wis sing keneng dieting akehe lan saiki wis akeh padha dadi ana kang dadi pelatih tari, dadi guru seni, lan ana uga kang dadi seniman Banyuwangi. Taun 2007 Pak Mitro ulih penghargaan seni teka Gubernur JawaTimur, kerana prestasi lan pengabdiane nyang seni lan budaya.

M. Oktavia  
Vidiyanti



- sakmono akehe iku kudu bareng. Katone iki remeh naming iki penting merga penonton iku kepingine tontonan hang rijik lan sing ana hang kancrit.
- Lontar : Hang pungkasan niki Wak. Kelendi Ndika gawe lakon hang bias nggawe penonton sampek mbrebes mili mesesegen lan sampek sing kerasa dhung gelarane wis mari. Contone kaya "Gandrung Sewu Padha Nonton" tahun 2015 nika?
- Pak Mitro : Dalan padhange sakjane mung siji yaiku "alur". Babakan lakon sing ulih metu teka alur, sakteruse alur iku dibungkus ambi tema. Kadhung kabeh iku wis diugemi InsyaAlloh dadi lakon hang gawe penonton bungah.
- Lontar : Ilmu garapan Ndika niki empun kathah Wak, belajar teng pundi mawon. Alihe Ndika mboten akademisi bidang seni.
- Pak Mitro : Iku kabeh merga pengalaman. Naming Isun bengen tahun 1975 milu diklat ring Jakarta yaiku Diklat Koregafer Muda hang diajar ambi Pak Panggah, Pak Made Sidra lan Pak Bandhem. Teka kono iku Isun bias melek mata nyang babakan koreografi.
- Lontar : Sampek sakmene wisWak, Isun nerima paran hang Ndika udhar ring kene muga-muga bias ana manpaate kanggo wong akeh, utamane hang maca "Lontar". Muga Ndika sehat terus bias



## Saur Manuk Gandrung Sewu 2018: “Aja Kakehan Sereyat”

Emane gelaran Gandrung Sewu (GS18) hang dianakaken ring Boom Banyuwangi melaku lancar hing kurang paran-paran. Masiya sakwise magih ana padu rebut dhucung bab pendhera Landa hang ana tulisan VOCne iku ana ring panggung sampek marek . Kadhung jare isun, iku mung masalah sak kuku cemeng kadhung dibandingaken ambi pegaweyan guedhi hang nekaaken 1.300 gandrung teka 5.000an hang wis ndaptar kanggo seleksi.

Sedurunge mula ana kabar hing enak teka Front Pembela Islam (FPI) Banyuwangi hang ngengetaken supaya Pemda ngendegaken festival iku kerana ndeleng akehe belahi ring propinsi liyane kaya nong Lombok lan Palu Sulawesi. Ana hang kuwatir gok Pemda miloni. Polae ana kabar acarane arep dipindhah nong Taman Blambangan.

Ring medsos, ewonan suwara saur manuk lan emeh kabeh kaya nak ngerutuk FPI lan semaur “Aja kakehan sereyat.” Hing maido, polae gandrung wis dadi salah siji peniten titenan (icon) hang wis temapel ring aran Banyuwangi.


Kanggone emeh wong-wong Banyuwangi, gandrung aja diuthik-uthik. Sampek kekarepan FPI diiyani, bisa bain ngerembet nong acara budaya liyane hang diduweni Banyuwangi. Hang seprene iki wis urip ring antarane wong-wong Banyuwangi.

Malah kanggo nggeret wong ngelencer (wisatawan), Pemda nggelar lebih 70 acara festival saben taune, hang emeh kabeh nganggo cekelan adat lan budaya lokal.

Hing bisa dilalekaken ana kedadeyan-kedadeyan sulung hang wis ngilangi sithik-sithik budaya Banyuwangi. Umpamane, Bupati Azwar Anas ngilangaken simbol ula kembar hang nganggo makuta hang kanggone wong Banyuwangi dipercaya minangka simbol 'perlawanan'. Simbol iku bisa ditemokaken nong kiwa tengene angklung utawa gantungane gong. Ula kembar iku mau ya akeh ditemoni ring lawang kori kantor-kantor pemda. Kerana ana wisik “paham anyar” gok ula

iku simbol wong hang hing keneng dipercaya polae ilate sibrak dadi loro, kaya ngewani isyarah gok wong Banyuwangi cangkeme hing bisa dicekel alias hing bisa dipercaya, kabeh patung-patung ring lawang kori kantor pemerintah, kelebu hang ana ring pendhapa, sakkal ilang kabeh.

Ring penganggone gandrung hang milu Gandrung Sewu, Bupati Anas ya tau ngiyani penjaluk gok gandrung aja sampek ngatonaken aurate, utamane teka pundak mengingsor sampek nong ugel-ugel tangane. Nurut pejabat Dinas Pendidikan, Pak Dwi Yanto, dienggo nutup aurat hang dieler iku mau, gandrung hang milu Gandrung Sewu kudu nganggo kelambi ngapret hang nutup awak sampek nong ugel-ugel tangane mau. Malah bupati ya njaluk, makene hing katon kaya kulite gandrung, kelambi ngapret mau kudu nganggo warna hang beda ambi warna kulit, umpamane ijo. Wong-wong hang mbela gandrung ngerasa gok kelambi ngapret hang wernane hing kaya warna kulit iki mau wis nyeliwah teka ajaran gandrung hang murni. Setemene akeh pisan hang





## Saur Manuk

hing setuju, taping hing duwe suwara. Gandrung wis nutup rambute kelawan nganggo omprok. Malah gandrung Gandrung Sewu wis nganggo rok, dudu nganggo tapih hang ngapret kaya gandrung terop hang katon erotis. Kelawan nganggo tapih batik hang wis digawe kayarok, gandrung katon nganggo kaya bonel. Kadhung jarehun, cara-cara hang dijuluk ambi pak bupati iki minangka dalan tengah dienggo nuruti penjaluke para ahli agama hususe agama Islam hang rada kuwatir nyang mbukake aurate gandrung sewu. Gandrung siji bain wis gedigu, paran maning iki sewu, gedigu abane. Paran maning tari gandrung iki saiki wis dadi agul-agule kesenian ring sekolah-sekolah. Jare ceritane Pak Mitrok, hang duwe sanggar tari Jingga Putih, Gladag Rogojampi, ring taun 1970-an, tari gandrung mung ana ring pentas genjot utawa ana hang ngamen ring dalanan. Gandrung dudu tari hang duwe aran apik. Polae jaman semono wis anjrah gok ana gandrung mesthi ana omben-ombenan lan parek ambi wong-wong wadon nakal. Wong tuwek ngelarang anake parek-parek nyang gandrung. Taping bupati jaman semono, Pak Joko Supaat Slamet kepingin Banyuwangi nduwe kesenian hang adiluhung hang bisa diormati ambi rakyat dhewek. Iyane ngongkon Pak Mitrok nggawe tari gandrung hang bisa dijugetaken ambi lare sekolah. Pak Mitrok, hang tau dadi koreografer Gandrung Sewu kawitan tahun 2012-2014, nggawe hang arane tari Jejer Gandrung, hang saiki kaya-kaya wis dadi tarian wajib ring acara-acara paran bain, lan bisa dijugetaken ambi lare sekolah. Tari Jejer Gandrung iku tari hang kawitan dijugetaken lare sekolah, kelebu anake Pak Paat dhewek. Sakmareke bisa pentas ring pendhapa, gandrung mulai nduwe aji. Hang magih ngamen ring dalan-dalan mulai ditertibaken lan diwani nomor anggota kesenian gandrung,



makene gandrung duwe aji, hing dadi kaya wong emis.

Dadi kadhung ana ahli agama hang kuwatir nyang gandrung setemene ya hing bisa dipaido. Sakat bengen wis ana ahli agama hang sing setuju nyang gandrung. Umpamane kiyai-kiyai hang duwe pondhok kaya nong Lateng utawa nong Tukang Kayu, ngelarang wong-wong nong desa iku "nggantung gong." Maksude aja ana tontonan. Hang mepeng magih nggantung gong, bisa-bisa umahe kobongan utawa lakirabi pada dhemen bengkerengan.

Ring Lugjag Rogojampi, wong ewuh hing ulih nanggap janger, hang dipercaya ambi wong kono, nekakaken belabur. Ring Popongan, lare sunat hing ulih nanggap 'rame-rame'.

Terus karepe FPI mau paran? "Maksude, awak iki ngengetaken makene kene hing diazab ambi Gusti Allah kerana ngumbar maksiyat," jare Ketua DPW FPI Banyuwangi Agus Iskandar.

Taping FPI wis kadhung ngelarani atine wong-wong hang ngerasa gok gandrung aja diuthik-uthik maning lan gandrung wis dadi bagiyon uripe wong Banyuwangi. "Aja kakehan sereyat," gedigu kira-kira semau.

Gandrung Sewu 2018 tetep dianakaken ring Boom. Malah kabar hang pungkasan, Gandrung Sewu

arep diwani penghargaan rekor "Mahakarya Budaya" ambi Museum Rekor Indonesia taun ngarep. Taping hang dadi omongan liya maning, yaiku pendhera Landa hang kecancang ring jajang sampek enteke acara. Setemene panitia mbela Landa tah mbela pejuang Blambangan? Mas Alit bupati kawitan Banyuwangi iku milu Landa tah pahlawan? Gedigu pitakone. Delengen sulung tah, pendherane iku nong kapal Landa. Maningan jaman semono endi ana pendhera merah putih, jare panitiane. Saur manuk maning. (AJ)



# GANDRUNG:

Magih Semelamber Sampure

*Ditulis ring Eko Budi Setianto*

**K**aya gendhing repenane, hang suwarane lamat-lamat nyerambahi jaman sakat kala-bendhu sampek seprene, cerita uripe Gandrung kaya sing mari-mari. Masiya hing sithik uwong hang nyukeri, naming uga akeh seru hang ndhemen lan ngedani nong hang aran Gandrung. Nyatane, Gandrung ya magih tetep ana sampek dina iki, masiya tah uripe mung miji-miji.





## Gandrung

**A**na hang nganggep Gandrung iku merupa 'paku bumi'ne telatah Blambangan. Hang anane kanggo njaga ketentereman lan milu njaga kerukunan. Mulane, geningna Gandrung lan Omproge, dhewekan ngelantar uripe. Aja sampek Gandrung rika tundhung teka papan perujukane, gulakane bisa nggawe kemerungsung kahanane. Lan aja sampek Gandrung diabragi teka kalangane, merga bisa gawe untkreg tatanan masyarakate.

Sak benere bain, hing akeh uwong hang bener-bener paham ngenani lakon 'laire' Gandrung ring Bumi Blambangan iki. Kadhung bain uwong-uwong iku paham kelendi abote lelakune Gandrung hang wis munggah gunung mudhun jurang, sak derma milu urip lan nggadugena wekase para leluhur, nawi bain, iyane hing bakal tega maca lakon ceritane. Gandrung, hang wis diwatesi kalangane, ditengeri lakonane, terus-terusan diudani celathu naming magih mituhu nerusaken lelakone, dadi perihe penganggo hang kudu dirasakaken.

Noring cathetan sejarah, hang kecathet dadi Gandrung wadon kawitan ring Banyuwangi yaiku Semi, anake Pak Midin (asal teko Ponorogo) ambi Raminah (asal teko Semarang). Kala iku, sekira tahun 1895, munggahe Semi dadi Gandrung wadon kawitan iku uga dadi tengeran pungkase lakon Gandrung Lanang, hang tau ana ring Bumi Blambangan. Lan sakat jamane Gandrung Semi iku, sampek seprene iki ya wis atusan para jebeng Banyuwangi hang milu nyebur dadi Gandrung.

Miturut Budayawan lan sejarawan Banyuwangi, (Alm) Hasan Ali, ana pitu penari 'Gandrung Terop' hang keneng diarani 'Legendaris' yaiku; Semi (Gandrung wadon kawitan), Pikah (alm), Aripah (alm), Aenah, Temu', Pon lan Supinah. "Gandrung-gandrung iku dadi Legendaris merga duwe ciri-ciri has hang sing bisa ditiru ambi liyane. Kaya umpamane Gandrung Temu', ciri khas vokale hing bisa ditiru ambi gandrung liyane. Semono uga

Gandrung Aripah, hang 'bintang' ring jamane. Dedege dhuwur, langsing, peraenane ayu lan njugete sempurna," jare Man Hasan Ali.

Wis pirang-pirang jaman dicap dadi sumber kemaksiatan, naming Gandrung ya hing umik teka niate. Iku merga hing akeh hang ngerti nung sejaraha. Magih nung jaman perjuangan bengen, ambi kendang, kempul, gong lan keluncing hang dipikul merana merene, Gandrung lirik-lirik keliling teka kampung siji nang kampung liyane, sak derma ngumpulaken panganan kanggo nyokong para pejuang hang mati-matian ngerungkebi telatah iki teka rong-rongan kaum penjajah.

Masiya umure wis keneng diarani uzur, naming karep lan tekade masyarakat milu nguri-uri tinggalane para leluhur iku kaya-kaya sing bakal bisa luntur. Nyatane, pirang tahun kepungkur rikala pejabat dhuwur telatah iki nyacak nangekaken teka papan tirahe, Gandrung kaya-kaya balik maning nong wujud asale. Saya meredep penganggone, saya rumang peraenane. Tambah wera kalangane, tambah semebrung gandane, lan arum-wangine ya wis nggadug nong tanah manca. Masiya wis keliwat satus tahun lebih umure, kesenian hang saiki wis dadi 'ikon' Banyuwangi iku malah meromong sagah.

Sampek seprene, Gandrung magih terus anak-gumanak milu iline jaman. Urip lan lelakone mula mulai uwah, katut nong berubahe jaman. Ana hang magih tetep nguwati dadi Gandrung Terop hang jumlahe mung bisa diitung nganggo deriji, naming uga akeh perujukane. Saiki iki malah atusan, malah bisa ewonan lare nom-noman hang mulai dhemen njuget Gandrung.

Gandrung, magih ayu peraenane, magih semelamber sampure. Embuh sampek kapan.

\*\*\*\*\*



# KETUA DKB

**D**urung dilantik bain, ketua Dewan Kesenian Blambangan Kepilih, Taufik Hidayat wis kudu ngadhepi lan marekaken masalah loro: 1. Protese para seniman nong omongane pegandhang hang dianggep ngelarani lan nyinggung atine para seniman musik. 2. Protese para seniman lan budayawan nang pihak Front Pembela Islam (FPI) hang ngengetaken pemma bab Gandrung Sewu.

Saben dinane iyane wis nduweni sak arat-arat jadual kegiatan hang wis nganteni ring ngarep. Kayata nggawe **Akademi Lelare Orchestra** hang wis diresmekaken ring ulan Oktober iki, kelawan tujuwan makene lare-lare Banyuwangi bisa lanyah

main musik tradhisional. Sing mung iku, lare-lare hang milu Akademi Lelare Orchestra iki uga duwe kepinteran ngaransemen gendhing lan bisa nggawe seni musik tradhisional Banyuwangi. Lalare hang ana ring akademi iku dikarepaken bisa ulih pelatihan dawane setahun kanggo bisa ngenali musike iku mau. Ring akademi iku, lalare diajari not angka lan not balok.

“Isun seru optimise, kelawan laire Lalare Orchestra hang digembleng setahun dawane, diarepaken bisa ngelairaken musisi-musisi Banyuwangi hang mumpuni ring ngugemi kesenian ini.”



## Ketua DKB

**Hang kaping pindho:** magih ana gandhengane ambi musik, iyane arep ndokumentasekaken musik-musik Banyuwangi lawas lan hang anyar. Seprene wis ana rekaman Volume 1, kekarepane bisa sampek 10 volume. Diarepaken kabeh dokumen musik iku bisa dielungkaken nang lembaga-lembaga hang ana ring Banyuwangi, makene bisa disinauni ambi lalare hang kepingin weruh musik Banyuwangi.

**Seni pertunjukan:** Iyane ya seru priatine nyang salah siji pertunjukan tradhisional, yaitu Janger hang dianggep wis nyeliwah teka pakeme. Merga ring pirangane tontonan, ana hang magih perlu dilurusaken. Umpamane, goyangan lan tingkah polahe pemain hang rada rusuh lan hing pantes dideleng lalare cilik. Kudune mula pihak Janger hang gedigi iki njaluk diwani wewarah makene Janger hing ditinggal ambi masyarakat hang dhemen kesenian iki.

**Rekaman lagu-lagu:** Hang sun deleng, akeh isine rekaman lagu-lagu hang wis nyeliwah, lirik-lirik akeh hang hing nduduhaken tata kerama. Dadi ya perlu ana pisan pertemuan gesah bareng ambi para pencipta lagu, pemusik, PAMMI lan kabeh hang ana hubungane ambi isi VCD.

Rencanae, engko arep megawe bareng ambi lembaga sensor, makene ring produk paran bain filem tah, rekaman tah, musik tah, Lembaga Sensor hing ngetokaken surat

lulus sensor kejaba ana rekomendasi teka DKB. Makene kabeh hang wis lulus sensor iku bisa ngugemi pelanggaran lan pakeme lan hing mung ngarah ring pornografi lan pornoaksi.

**Sisi bahasa:** Kene mongkog nyang basa Using, lan kepingin tetep milu nguri-uri lan ngelestareaken basa Using. Ngupayaaken basa Using terus disempurnaaken lan dadi bahan diskusi saben dinane dadi basa Using tetep lestari. DKB arep nguwataken muatan lokal basa Using ring sekolah-sekolah lan supaya lalare nganggo basa Using

dadi 'bahasa ibu', kejaba bahasa Indonesia. Lan iki kudu diperjuwangaken ring tingkat propinsi lan nasional.

### Pahlawan Nasional

Banyuwangi duwe pahlawan hang levele kudune wis tingkat nasional. Kene kudu merjuwangaken pejuang hang wis ngelawan Landa, kayata Wong Agung Wilis. Kene percaya paran hang wis dilakoni para pahlawan iku bisa dadi cekelan kanggone generasi seteruse. Endi semangat hang sing entek-entek ngelawan penjajah lan hing tau gelem nyerah. Semangat anti penjajah iki hang kudune diterusaken nyang generasi seteruse.

"Tugase kene iku merjuwangaken makene pahlawan Banyuwangi iku diakoni ring tingkat propinsi sampek nasional. Banyuwangi iki nduwe pirang-pirang figur pahlawan, kayata Rempeg Jagapati, Sayu Wiwit, Wong Agung Wilis. Perkara hang endi hang diangkat ring tingkat nasional, iku kudu dideleng nong lapangan. Persyaratane ana persyaratan akademik, hang endi ana tulisan hang mendukung lan bisa dipertanggungjawabkan cara akademik, yaiku hang disurung."

### Seni Pertunjukan minangka Penunjang pariwisata

Kene ring DKB terus-terusan nyokong paran programe pemerintah. Merga Banyuwangi hang didadekaken saka pembangunane iku Pariwisata, kene milu ndukung. Pariwisata nggawa kabeh program dadi positif, lan Banyuwangi bisa ngelakoni telung program, yaiku transportasi, fasilitas pendukung lan atraksi. Indonesia iki gudhange hiburan, dadi Banyuwangi perlu ngewani panggonan kanggo wong hang ngelencer merene kelawan nyuguhi hiburan hang terus ana, Dadi wong ngelencer merene hing mung ndeleng pemandangan hang apik, tapung ndeleng pertunjukan has Banyuwangi pisan.





## Nggantungaken Angen nang Ketua DKB Anyar

**D**okter hang uga kepala RSUD Blambangan iki, sak durunge pancen duwe kawigaten nang seni budaya Banyuwangi. Malah ring mburi-mburi iki, Dokter hang murah unyik iki, katon emuk megawe bareng ambi para seniman angklung, nggawe proyek rekaman gendhing-gendhing lawas, kanggo ngelestarekaken lan

miloni butuhe rekaman cara modern (digital).

Isun hang urip nang kadohan, sakdurunge rada kuwatir kadung kanca-kanca seniman hang dadi anggota DKB nawi salah milih ketua. Paran maning rungku kabar, ana salah sijine pawongan hang kepingin seru njabat Ketua Lembaga plat abang iki. Kamongka pecak delamakane wong mau magih





## Hasnan Singodimayan, 88 tahun ring Bumi Belambangan

**B**udayawan Banyuwangi, Hasnan Singodimayan, salah siji wong hang dituwekaken ring Banyuwangi. Keweruhane bab budaya Banyuwangi ibarate kaya sumur hang jeru. Kerana kuwate maca, hing pikun lan magih bisa madhang sak anane hang ana ring ngarepe. Prinsipe, pokok aja mangan enak, taping enak mangan. Mangan sak cukupe.

Ngerayakaken dina dadine 88 tahun kapanane, iyane magih aktif nulis novel, hang pungkasan novel basa Indonesia 'Hadirnya Setiap Malam dan Semalam Suntut.' Malah iyane magih aktif nong media sosial facebook. Pengalamane jaman bengen hang ngeliwati pirang-pirang jaman: Jepang, jaman Landa lan jaman kemerdekaan ring Banyuwangi, lan pintere nyeritakaken kedadeyan-kedadeyan jaman semono, ndadekaken ceritane hang diantèn-antèni ambi

lalare enom hang kepingin rungu kedadeyan jaman bengen ring Banyuwangi. Umpamane ring ngingsor iki ana cerita asal-usul desa Gerajaban lan akehe aran desa Pakis. Wis dianggep gurune sapa bain ring Banyuwangi, iyane kerep niteni perkembangan jaman lan hing lali nulis pisan bab budaya, kayata Perang Bangkat lan liya-liyane.

Status facebooke hang dadi panggonan nulisaken ada-ada lan pengalamane, dadi cerita hang apik lan enak diwaca. Kayata hang ana ring ngingsor iki. (red)



### Kearifan Lokal Wong Using

Anane kearifan lokal wong Using, akeh wong hang takon, isi hang dikarepaken kearifan lokal iku. Yaiku tradhisi lan adat istiadat wong Using Banyuwangi, nguri-uri budayane hang magih ana, umpamane carane kawin hang duwe telung ukara: melayokaken, ngunggah-unggahi lan ngeleboni.

Merga dilamar apik-apik ditolak, dadi karepe ukara mau ning Banyuwangi sing ana hang aran 'kawin paksa'. Jejodhohan ning keluarga Using, ana tradhisi BKL utawa bakalan. Hang ngarani BKL, dudu keluarga, taping kancane utawa beraya lan tanggane. Ditulis ning tembok-tembok, merga aran bakal iku bisa wurung, bisa dadi. Nalika wis dijuluk lan dilamar, ana tradhisi Perang Bangkat, merga ana anak semata wayang, yaiku anak penggarep, anak kemunjilan lan anak undhal-andhil. Lanang utawa wadon. Salah

sijine ketemu dadi jodho, perlu Perang Bangkat. Antarane dulur besan, diwakili dukun utawa pawang, pada nggawa pedhang-pedhangan, umaha penganten wadon disekat kain putih ning ngarep pagere. Kemanten lanang durung bisa melebu sedurunge pawang besan, njawab pitakonan arupa wangsalan lan basanan pawang sedulur wadon. Jawaban wis ana sak jerone cingkek hang dipikul. Sembarang kalir perangkat pawon lan pitik ngerem, maknane atine penganten wis marem. Aju sekat kain ning pager bisa dibuka. Ambi maca selawat.



Maknane kawin ning Banyuwangi, sina ana hang dipaksa. Jare gendhing, esuk nikah bengi pegatan. Merga ning Banyuwangi ana gendhing sakral kanggo kemanten, yaiku gendhingan kearifan "Iring-iring, Ereng-ereng, Urung-urung, Arang-arang, Uring-uring, Aring-aring, Irang-irang. Dadi paran maknane, goleta dhewek ning wangsalan lan basanan. Cukup sak mene bain.


### Dongane Emak

Ana sijine emak, duwe anak lima, lanang kabeh. Bapak wis sing ana. Rumangsa anak-anake wis lancip, aju emak nggawani pesen "Kapan golet wong wadon, goleta hang ayu." Lare-lare mau pada takon nyang emake "Hang aran ayu, hang kelendi?" Jawabe emake cukup cekak: "Goleta hang bersih lan padhang. Aja kaya emak, sawo mateng, metune sawo mentak kaya Sira kabeh." Kocapa cerita, lare lima mau, oleh rabi ayu-ayu. Kulit kuning beranang. Emak seru dhemene, sampek-sampek dianggap kaya anak, anak lima dianggap kaya mantu. Kocapa cerita maning. Emak kepingin duwe putu selawe, kapan lare siji duwe anak lima. Nyatane hang penggarep duwe anak mung siji. Anak nomor loro, duwe anak telu, anak nomor telu duwe anak lima,

anak nomor papat duwe anak pitu. Hang kemunjilan duwe anak sanga, dadi cacache putu ana selawe, kaya hang didongakaken. Selawe putu mau wadon kabeh. Lare lima mau iling nang ruwahe bapak, hang dhemen maca. Maca kitab Jayabaya, "Mbesuk, embuh abad pira lan taun kapan. Separuh tanah Jawa utawa SABA. Akeh wong wadon, tinimbang wong lanang lan kuwasa ngatur pemerintah." Aju lare lima mau padha takon nang emak nong endi kitab-kitabe bapak hang dhemen maca. Jawab emak enteng bain, "Diwarisaken nang kancane, hang dhemen maca kaya bapak."

### Aran Desa ning Kutha

Aran-aran dalam ning kutha Banyuwangi jaman bengen, durung apik kaya aran dalam saiki, arane paran jare hang ngomong, merga ana dalam nyang desa Singomayan, dalam iku diarani jalan Singodimayan, dudu jalan Kapten Ilyas kaya saiki. Dalam poros teko Perliman sampek nyang desa Lateng, diarani Jalan Raya. Hang ngalor diarani Jalan Raya Situbondo hang ngidul diarani Jalan Raya Jember. Hang ning ngarepe masjid, diarani Jalan Raya Masjid. Perliman iku, dudu arane desa utawa arane kampung, cuma arane dalam, merga duwe limang dalam hang mencar. Ngalor, ngidul, ngulon, ngetan,





lan ngalor-ngetan sampek Tegalloji. Arane dhewek Dandang Wiring, durung diarani Desa Penganjuran, merga aran Desa Penganjuran iku ana loro: Penganjuran Lor, parek Kelembon. Ana Penganjuran Kidul ning Welaran.

Welaran dhewek, asale desa asal, sedurunge ana kutha, merga anane kutha, hang diwatesi Tugu Penthol ring Kauman. Kulane Kali Lo, diarani dusun Pager Jaban, dicekak dadi, Gerajaban.

Sak utere pendhapa, diarani Temenggungan, panggone para temenggung hang tandang ning pendhapa. Sak utere masjid, diarani Kauman utawa Kesepuhan, panggone Para Sesepuh nalika kaum utawa kumpul. Lapangan ngarepe pendhapa lan masjid diarani Tegal Pendhapa utawa Tegal Masjid. Tau digawe sawah ambi Bupati Pringgo Kusumo.

Kidule Tegal, panggone Para Patih lan Tuan Collector, sakteruse diarani Kepatihan lan Kolektiran, hang ngurusi anane wong dodol nang pasar. Wetan parek Sokiti, panggonane Ndara Biskal (jaksa), hang ngatur keamanan. Mburi Biskalan, anak kuburan Landa Inggris lan Landa Portugis. Kulone ana kantor poelitie lan ana buine, ngadhep nang masjid, minangka Aturan Wali Sanga. Lodge (Loji, kediaman resmi pegawai Inggris), hang megawe ning parek nang lan telefon. Hubungan hang paling parek nang Australia, sedurunge ning Calcuta India, saiki ditambah kantor pos. Lapangan hang nang ngarepe diarani Tegal Lodge alias Tegal Loji.

Panggonan hang kaya Inggris iku diarani Camp (Kampung), panggonan hang diwatesi lan ketutup, yaiku Camp Arab, Camp Mandar, Camp Melayu, Camp Bali, mung kanggo wong Cina, wong Medura lan wong Landa, sing diarani camp, tapi cukup dibasani, yaiku Pecinan, Maduran lan Kaulandan. Parek Tukang kayu, Tukang besi.

Ning pinggire kutha Banyuwangi, ana aran desa hang sak repotan artine. Yaiku Tiangkong, Cungking, Keluncing, Lincing, Licin lan Bengkalingan.

Paran maning hang aran desa Pakis. Cacahe meh sepuluh, Pakis Jagalatri, Pakis Kepuh, Pakis Duren, Pakis Sawi, Pakis Ancar, Pakis Rawa, Pakis Sasak, Pakis Jalio, Pakis Lembang, Pakis Krajan, Pakis Bangong, Pakis Sutri lan Pakis Seggo. Lelateng, sengidane wong Bugis.

Durung maning desa-desa hang nyandang arane macan, alias Singa hang dudu barong, jare wong Mataram dudu Singa, taping Sing\*a\*na Paran-

Parane. Cacahe ana pitu, dhung jare wong Inggris, "Let sing in the morning" Lare Using ngomong maning. Merga basa Using, akeh basa Inggris, "No good, get dog, get door, colour, break, slot, slot door, report, doc cart, chick cart, brown down, go babe, so long," sampek ketemu maning.

Puluhan basa Landa lan Inggris wis diadopsi dadi basa Using, contone "reken, teken, kar, kartu, karcis, peneng, lin, montor, on prok, bek, senter, setel, setelan, ot, serep, dubel, prei, ngepos, telat, dudu mung wel, perlu nom noman akademisi, nyukupi kamus basa using.

### Perbekel

Sedurunge ana administrasi pemerentahan, sak kelompok wong tetangga hang umahe parek yaiku kelawan kearifan lokal, hang bisa rungu teka pucuk siji nyang sijine, utawa hang ambune panganane bisa diambus ambi tanggane utawa bisa kerungu suwara kul-kul ditabuh.

Ring dina mburi, perkembangane dadi disebut Dukuh utawa Dusun. Tepak ana administrasi pemerentahan, ana kelompok dusun lan dukuh hang disebut desa utawa kelurahan kelawan wates-wates hang wis ditengeri, umpamane kali utawa wit-witan.

Aran desa iku bisa gabungane dusun utawa wit-witan hang ana. Struktur pemerentahan hang sak tingkat ambi kabupaten dibantu ambi wedana lan wedana dibantu ambi pirang-pirang asisten lan mantri. Ring jaman kolonial, asisten wedana disebut camat. Tapi tepak jaman Jepang, struktur nganggo basa Jepang yaiku Ken co, Son co, Ku co, Gumi co, lan ring jaman kemerdekaan, disingkat Rt dan Rw. Pirang-pirang desa merujuk dadi kelurahan, lan aran perbekel mung ana ring masyarakat adat lan desa adat.



M. Oktavia Vidiyanti



# Laras Belambangan Tansaya Ilang

Anggitane: Moh. Syaiful

**A**nane Festival-festival hang ana ring Banyuwangi saiki iki akeh temenan maceme. Ana 77 macem akehe Festival Banyuwangi ring tahun 2018 iki. Ikitah hang dikarepaken kepingin nduduhaken ubege Banyuwangi nyang macem-maceme kegiatan hang ana ring Banyuwangi? Mesthi bain salah siji kekarepan hang wis mesthi katon yaiku promosi wisata. Pungkase cerita bisa nekokaken wong ngelencer nyang Banyuwangi lan bisa nyangking devisa kanggone *pendapatan* Banyuwangi.

Kadhung diarani rame ya pancen rame, kadhung diarani ndhemenaken ya engko sulung, ndhemenaken kanggone sapa sulung? Iki kasunyatan hang aran Festival Banyuwangi ring tahun-tahun iki ana hang nggawe dhemen naming ana uga hang gawe priyatin.

Kudune priyatin, acaketah tamatena hang temenan. Ring sakanane Festival Banyuwangi iku, yaiku ring festival hang magih nggawa kesenian



Banyuwangi hang dadi punjere, umpamane festival hang magih nggawa tabuhan tradhisi Banyuwangi. Tabuhan tradhisi iku nyatane ring festival-festival iku wis nggawe kolaborasi antarane tabuhan Banyuwangi hang tradhisional ambi musik-musik moderen, kayata: Festival Marching Band Etnik Ala Banyuwangi, BEC (Banyuwangi Ethno Carnival, Lalare Orkestra Konser, Jazz Pantai lan Jazz Gunung lan magih ana ring liyan-liyane. Iya tahwis diweni jempol papat hang gediku iku. Kepingine nggawe barang anyar makene sing bolak-balik gediku bain, iku arane kreatif. Dhung milu ngerasakaken gediku rasane kaya nak metek dhadha.

Ring Festival Marching Band Etnik Ala Banyuwangi, Lalare Orkestra Konser, lan BEC ana campuran antarane tabuhan Banyuwangi laras selendro ambi tabuhan moderen hang diunekaken bareng



kolaborasi musik moderen *drumband* (klarinet, saxophone, drum, terompet, lan simbal) lan tabuhan Banyuwangi kayata angklung, suling, kendhang, lan saron. Ana hang ngomong iku apik seru.


Sulungtah-sulung. Nyatane nyampur antarane tabuhan Banyuwangi hang duwe laras selendro iku nyatane ya sing gampang, jare ilmu musike kudu ana ilmu harmoni. Hang gediku iku sing gampang digathuk-gathukaken. Kadhung awak dhewek titi ngerungokaken unine mesthine ana kontras harmoni, merga siji-sijine nggawa titi laras hang beda ring ukuran unine ring siji-sijine wilahan. Diibarataken kadhung loro-lorone muni bareng kaya ana tabrakan frekuensi hang nyatane ning kuping sing enak seru. Hang siji titi laras selendro (tangga nada –kadhung ring musik barat) selendro Banyuwangian ambi tangga nada musik barat hang titi nadane pentatonis barat. Ring kene penulis ngarani kontra harmoni.

Aransemen musik hang digelar ring kana nggawa gendhing-gendhing klasik Banyuwangi hang wis anjrah nong kupinge wong Banyuwangi kayata: Ulan Andhung-andhung, Gerajagan, Kali Elo, Dhonge Mekar, Bang Cilang-cilung lan Tanah Kelahiran. Kerungune seliring anggone serta ditabuhi ambi tabuhan Banyuwangi hang digathukaken nyang musik-musik moderen iku. Paran maning nganggo

Keyboard balaira, terompet, trombon lan sakpinunggalane.

Kadhung dirungokaken maning kerasa njomplang unine gendhing hang dibarengaken antarane unine instrument drum band (balaira, klarinet, saxophone, terompet) lan ambi tabuhan Banyuwangi laras selendro Banyuwangian koyodene saron selenthem, lan peking. Aja maning dibarengaken main gentenan bain kuping kudu mapak-mapakaken sulung, paran maning dibarengaken.

Magih enget bengen ring tahun 90-an, ruwahe Inisisri musisi nasional hang kreatif nggawe kolaborasi musik Banyuwangi hang dipendhekari ruwahe Kang Adnan Cungking. Wangune Inisisri pinter nggawe campuran iku. Inisisri ngarti temenan anggone ngolaborasi tabuhan Banyuwangi hang ritmik ambi suarane drum barat hang kuat. Inisisri hang uga personile Kantata Takwa iki sing nguthik antarane titi Laras Banyuwangi lan Tangga Nada Pentatonis barat mauka iyane milih perkusi Banyuwangi lan perkusi barat hang sing nganggo titi laras. Iku kabeh kelebu aman lan bisa diterima ring masyarakat musik. Kolaborasi antarane Inisisiri ring perkusi barat lan Kang Adnan ring perkusi Banyuwangi nyatane bisa anjrah nong bumi Nusantara lan negara manca.





Hang dadi pitakonan ikitah hang aran kemajuan, singtah iki hang aran kemunduran? Saktemene iki keneng diarani rekadaya hang arep nginggiraken Laras Belambangan (Tangga nada Banyuwangi) iku dhewek. Pancen

ring panggonan hang liya iki dadi wadah kanggone murid-murid nguri-uri lan njunjung potensi lan kreatifitas ring tetabuhan Banyuwangi kaya dene hang diucapaken bupati Banyuwangi ring sambutan Festival Drumband Etnik.

Temenan prihatin, anggone wong Banyuwangi hang wis diwarisi Laras Belambangan arupa Tangga Nada Banyuwangi taping hing pati njaga. Sing gampang temenan anggone para empu tetabuhan bengen gawe laras iku mau. Hang paling diwedeni kadhung wis kabeh seru dhemene nyang laras diatonis aju terus ana kolaborasi tabuhan Banyuwangi hang wis dilaras nganggo Tangga Nada diatonis Barat. Suwene suwene wong-wong iku mau kaget kadhung weruh utawa rungu laras Belambangan iku dhewek muni. Sing kerasa tambah suwe aran kupinge wong

Banyuwangi kelagot nyang diatonis iku mau.

Serta wis dadi adate serta rungu tabuhane dhewek yaiku Laras Belambangan malah bisa ngarani seliring.

Laras Belambangan (selendro Banyuwangian) hang wis lawas anjrah nong bumi Nusantara iki sakat bengen wis nduwe harmoni lan



“Ulan Andhung-andhung”, utawa “Luk-luk Lumbu” hang nyatane bisa ngerambah jagat.

Laras Belambangan hang wis digawe ambi para empu Banyuwangi nganggo ritual hang sing gampang kayata tirakat, melekan lan puwasa dienggo nggolet wangsit makene bisa nemu laras iku mau kudune ya diregani ring anak-putune hang saiki. Iku kabeh nyatane nggawe wong manca terus kaju lan nggumun nyang rekadayne wong Banyuwangi ring anggone gawe tabuhan Banyuwangi. Kabeh iku mau nduduhaken aluse rasa hang diduweni wong Banyuwangi nyang tabuhan khas Banyuwangi iki.

Mupakate kudune ya diupayakaken anggone wong Banyuwangi terus nguri-uri Laras Belambangan. Festival-festival hang nganggo tabuhan Banyuwangi kudu diwanti-wanti temenan nganggo laras hang


asel Belambangan. Yayasan utawa Perguruan Tinggi uga peneliti kudu duwe tekad hang carem anggone nyelametaken Laras Belambangan mauka. Seminar, diskusi lan gesah kudu terus diuri-uri makne bisa nemu kelendi carane Laras belambangan iki lestari lan tambah ajeg ring bumi Belambangan iki.





# NITENI BASA USING TEKA MACAAN PACUL GOWANG

Tulisane: Hasan Sentot



*Samak kaset Macaan Pacul Gowang*

**A**lbum Macaan Pacul Gowang hang digawangi ruwahe Januri, magih sak grup ambi ruwahe Aljin. Pancen tangga sak desa, Genteng Wetan umahe Januari lan Aljin Kaliputih, Kecamatan Genteng. Kadhung wayah ulih tanggapan, kelompok iki didadekan rong pasang. Aljin dadi Tukang Teges, hang maca Bik Onah ambi Man Sapi'i. Januri Tukang Teges, hang maca Katirin Patoman ambi (kadhang) Man Syapi'i Genteng, Sragen.

Tabuhan pengiring mung kendhang, kempul lan gong, sing kathik keluncing. Wayah Kelompok Aljin hang munggah, kempul lan gong dicekel kelompoke Januri. Kejaba kendhang hang husus dicekel tukang kendhang asal Kedonen. Malah Bik Onah wayah Januri hang munggah, nabuh gong. Konsep tabuhan ring Seni Macaan Pacul Gowang iki pancen 'minimalis', kabeh anggota duwe peran dhewek-dhewek. Seniman bengen iku pancen sembarang

bisa, wong siji bisa nabuh lan bisa maca.

Kadhung rungu tabuhane Macaan Pacul Gowang iki, rasa Banyuwangene kerasa seru. Masiya nyelinthung sithik nang Bali lan Medura, rasa Banyuwangine magih kenthel lan nduduhaken kadhung seniman tradhisional Banyuwangi sakat bengen iku uwonge bisaan. Terima tabuhan telung macem bain, bisa kanggo ngiringi tembangan lan jogedan hang macem-macem. Malah tabuhan lan tembangan teka njabane Banyuwangi uga bisa diiringi lan sing patiya jemplang.

Wernane Kesenian Banyuwangi sakat bengen dipanggoni wong Using, jare sisa-sisa keturunan Laskar Belambangan. Uga akeh wong tekan hang maggon lan urip ring Banyuwangi. Kadhung ring Perkebunan duwene Landa, akeh wong Medura. Merga dulur-dulur teka Medura iki seja ditekaaken

ambi Landa, kanggo nggarap ring perkebunan. Pesisir sak liyane Muncar, akeh wong teka Bugis lan Mandar kaya ring Banyuwangi Kutha. Daerah kidulan, wong teka Mentaram, Sleman, Yogyakarta.

Kabeh wong hang beda suku lan asale mau, sakat bengen urip rukun ring Bumi Belambangan. Durung ana cerita tokar lan gegeran antarane wong-wong mau. Malah padha gelem belajar lan mbisane kesenian teka suku mau. Kaya hang diduduhaken Januri, bisa nembangaken Bali, bisa nembang lan ngomong Medura. Bisa uga ngomong Jawa (Jawa Kulon) hang magih utun.

Kanggone wong-wong saiki, paran hang dilakoni Januri sak kanca keneng dienggo tuladha. Wis sing usum elok-elokan lan ngaku paling bener, malah kudu gelem ginau paran bain hang diduweni dulur-dulur liya ambi terus njaga lan ngelesatrekaken kesenian aseli Banyuwangi.

Bedane ambi saiki, seniman



bengen belajar nang cara tabuhan lan nembang sak liyane Using, iku kanggo ngibur dulur-dulur teka njabane Using hang belajar urip lan kepincut nang kesenian Banyuwangi. Ewa semono, tabuhan lan tembangan hang asli ambi tekad hang gedhe ya tetep dijejegaken.

### Plesetan

Saksuwene iki, tradhisi plesetan omongan, jare dikawiti lan diduweni seniman Yogyakarta. Iku antarane tahun 1980 sampek 1990-an, akeh ucap-ucap hang dipelesetaken teka ucap sak benere. Malah dudu Basa Jawa thok hang diplesetaken, naming Basa Indonesia pisan. Mangkane aju hang dikenal ring njaba plesetan iku gaweyane wong Yogya.

Kadhung ngerungokaken albume Januri hang direkam antarane tahun 1970-an, akeh ucap lan ujar dipelesetaken. Tujuwane, kanggo mancing guyon. Ambi cara ngeluputaken ucap teka sak mestine, wong hang ngerungokaken dadi gemuyu. Malah tahun 1980-an, seniman ludruk Jula-Juli Surabaya, Cak Basman wis kesuwur kerep ngelirokakan omongan. Dikelirok-kelirokaken dhewek, dibener-beneraken dhewek. Malah iki hang dadi cape Basman, sampek saiki carane ndagel has Suroboyoan mau magih katon ewer. Liwat Jula-Juli Sawunggaling, Kartolo, Basman sak kanca ngelestarikaken dagelan cara pelesetan has Surabaya.

Saktemene, kadhung gelem-gelem juger-juger seniman dagelan Using iku, akeh tuladha hang dijuwut lan dikembangaken teka seniman-seniman jaman bengen, kaya Januri lan Aljin. Sing perlu niru-niru cara njaba, malah mendhem lan nyilemaken 'potensi' hang diduweni Banyuwangi dhewek. Sing terima jugetan ewer, omongan lan salah uga akeh hang asli.

Ewere dhagelan bengen, ambekana kadhung diitung pendhidhikane dasar temenan. Naming isi omongane mentes, sing endhepan lan butuh dipikiraken sampek jeru. Malah guyonane jaget, munggone kaset mau, disetel ping kaping-kaping tetep sing keweleh.

### Basa lan Sastra Using

Kadhung didamakaken temenan, Basa Using hang dienggo Januri sak kanca ana hang wis angel ditemoni ring ucap sedina-dina. Kaya ucap //sun tagok = sun tagih/ landhung/congok/ telikas (ketikasan)/ kemejan/ marmut/ lan liya-liyane.

Magih akeh ujar lan ucap Using hang dienggo kelompok Pacul Gowang iki, naming saikine wis arang ditemoni lan dienggo wong Using dhewek. Mangkane lare-lare enom hang duwe kawigaten nang Basa Using, kadhung kangelan nemoni embah buyut utawa repot arep ngawiti teka endi, ambi cara ngerungokaken rekaman jaman bengen, mesti akeh bahan hang rika kembangaken kelawan cara

ditakokaken nang wong-wong kuna hang magih ana umur. Kadhung sing agage didokumentasekaken, kuwatire ilang temenan lan Basa Using ketekan ujar, merga akeh nggunaaken ujar-ujar teka basa liya.

Album hang diunggah ring Youtube ambi BTD (Banjoewangi Tempoe Doeloe), ana rong bagian. Side-A lan Side-B, naming BTD nulise Volume-1 lan Volume-2. Kesenian Macaan Pacul Gowang sing padha ambi Campursari hang saiki dikembangaken ring Banyuwangi, padha-padha nganggo Basanan, naming punggelan cerita (pragmen) hang digawe aseli lan ewer. Antarane album siji lan sijine pramane beda-beda, kadung basanane ana hang dibaleni.

Ngerungokaken kabeh album Macaan Pacul Gowang iki, bisa dienggo ngiling-iling maning ujar lan ucap cara Using hang saiki wis arang ditemoni. Kanggo kanca-kanca hang arep nulis Kamus Using, bisa uga album Macaan Pacul Gowang Januri lan Aljin didadekaken sumber.

Kanggo hang duwe kawigaten nang Sastra Using, bisa ngerungokaken lan nyathet pisan kadung perlu, sekehe basanan hang dienggo mocoan ring kelompok Aljin lan Januri iki. Sak liyane akeh basanan hang ditemoni ring kesenian liya, kaya gandrung, uga magih akeh basanan hang aseli anggotane kelompok Aljin lan Januri.



## Sibrake Balambangan Dadi Enem Kabupaten

Anggitane: Mas Aji Ramawidi



Sakat taun 1352 kepungkur, Balumbunan mung desa cilik hang ana ring sikile Gunung Lumbu. Marek iku dadi perdikan marine Perang Nambi taun 1318, pirangane taun sakwise iku, penduduk saya tambahakeh, lan arane diunggahaken dadi kadipaten, diperintah ambi Sri Bima Chili Kepakisan, iyane didadekaken kerana jasane nyang kemaharajaan, Negara Jawa, utawane Majapahit.

Babad Dalem ring Bali lan Suluk Balambung nyebut tokoh hang aran Bima Chili Kepakisan iki nduweni kusa lan kuasa ring Balumbunan taun 1340 (Babad Dalem) utawane 1352 (Suluk Balambung). Kanggone asal-usule Balambangan, Babad Sembar dhewek njelentrehaken kadhung Balambangan iki dikawiti teka Lembu Miruda lan Mas Sembar hang ana ring Lumajang. Setemene asal usule Balambangan, endi hang lebih bener?

Miturut tafsir penulis, loro-lorone bisa dibeneraken kerana "wit perkawit tanah Lumajang seanteronipun kadadosaken Nagari Balambangan."

Dadi kanggo Lumajang lan Balumbunan, sakteruse dadi siji nganggo aran Balambangan, endi hang lebih bener, pitakone sapa kira-kira hang ndadekaken siji?

Tom Pires njelentrehaken kadhung ring mangsane Menak Pentor (putune Menak Sembar), Lumajang wis dikalahaken ambi Raja Balambangan hang kusa iku, artine sakdurunge Menak Pentor duwe kuwasa tahun 1500 – 1531, Lumajang lan

Balumbunan wis dadi siji.

Sakwise iku Menak Pentor ngalahaken Arya Pular, Adipati Kaniten hang nduweni kuwasa Kaniten, Panarukan, lan Pajarakan, sarta Kaniten iki wis bisa dikalahaken, Kaniten, Panarukan lan Pajarakan dadi sigarane Balambangan, ditambah ambi wilayah Gamda hang uga wis dikuwasai pisan ambi Menak Pentor.

Balambangan kuwat lan nduweni kahanan hang kuwawa, kerana iku Sultan Agung (1613-1645) ngerebut tepis iring pinggir kulone, yaiku daerah Pasuruan lan Singosari, lan pendhudhuke diangkut nyang Mataram lan diarani "tiyang pinggir" lan "wong gajah mati?" Sakmareke iku rong dhaerah iku dikuasai gonta-ganti ring Mataram lan Balambangan. Mangka iku umume, wilayah Balambangan balik maning nyang wilayah asline, "wit perkawit tanah Lumajang seanteronipun kadadosaken Nagari Balambangan."

Nyatane wilayah aseli Balambangan magih diciutaken ambi serangan Amangkurat Agung (1646-1677), sampek nyang daerah Kedhawung, Sentong lan Panarukan.

Telung dhaerah iku buru bisa direbut maning ambi Prabu Tawang Alun II, ring antarane taun 1656-1659, sampek-sampek Raja Agung Blambangan iki, sakteruse ngewerakaken kekuwasaane nggadug nyang Kediri, marine perang Truna Jaya taun 1679, kaya dene hang ditulis De Graff.




Wilayah Balambangan hang wera iki suwina kira-kira teka tahun 1679 sampek 1691, kerana ninggale Prabu Tawang Alun II, ana rebutan kuwasa ambi anak-anake, sampek wilayah Balambangan direbut maning ambi Mataram, liwat tangan Untung Surapati taun 1690an (ring njero peta welanda kejuluk Zonder

Soerapati). Sakat iku Kediri, Blitar, Malang Pasuruan, Banger, lumajang, lan Puger coplok teka kekuwasaan Balambangan. Sakat iku Kyai Jayalelana (1746-1756) diangkat dadi bupati banger lan Raden Karta Negara/Bagus Lumajang dadi bupati Lumajang, karo-karone ring ngisore perintahe, Untung Suropati.

Apa tah kira-kira sakwise iku kabeh dhaerah dadi duwene Mataram? Sing! Polae Untung Surapati sakwise iku, ngumumaken ngadeg dhaerah hang diduweni dhewek, hang pusate ana ring Pasuruan. Balambangan mung bisa nguwasai maning Puger Wetan, lan Panarukan. Iku bain sakwise anane kawinan antarane Pangeran Danurejo ambi Mas Ayu Gading, anak wadone Untung Surapati.

Puger, Sentong, Demong Panarukan lan Balambangan dadi siji ring wayahe Prabu Danureja (1697-1736). Kedadiyan iki bisa wutuh sampek VOC teka lan ngalahaken Balambangan tahun 1767-1768 ring njeron Perang Wilis, lan sakwise iku ngerampas kabeh tatanan simpenan pustakane Balambangan, VOC uga nyibrak kerajaan iki dadi loro.

1. Balambangan kulon wilayah yaiku Panarukan, Sentong lan Puger ibukotane Panarukan kejuluk kabupaten Kanoman Balambangan, ring kana Mas Anom/Weka (1767-1768) hang madeg bupatine.
2. Hang wetan Gunung Raung, Gumitir kejuluk kabupaten Kesepuhan, ibukotane ring



Gapura Benteng Sidomekar: bangunan baru di lokasi situs Semboro  
(Photo: Dok BKX)

Ulupampang/Muncar, ring kana Mas Anom Kalungkung (1767-1768) hang dadi bupatine.

Sakteruse Sura Adiwikrama (1772-1788) didadekaken bupati wilayah kanoman Balambangan Kulon taun 1772 hang ana ring besuki hang uga nguwasai Panarukan, Sentong lan Puger.

Kabupaten Banyuwangi diedegaken kanggo ngganteni Kabupaten Kasepuhan Balambangan taun 1774 hang bupati kawitane yaiku Tumenggung Wiraguna I (1774-1782).

Taun 1755 Bupati Prawiradiningrat dadi bupati Puger, misah teka Panarukan/Besuki. Sakteruse taun 1819 Sentong didadekaken Kabupaten Bondowoso misah teka Besuki lan diperintah ambi Mas Astruna/Ki Ronggo (1819-1830).

Kerana Besuki kalah saingan ambi Panarukan, ibukotane dipindhah nyang Panarukan dadi Kabupaten Panarukan, aran iku sakteruse diuwah maning ring mangsane pemerintahan Bupati Achmad Tahir kira-kira taun 1972, dadi kabupaten Situbondo, hang diatur kelawan peraturan pemerintah RI Nomer.28/ 1972.

Kabupaten Lumajang misah teka Probolinggo, diedegaken taun 1920 ambi bupati hang kawitan yaiku KRT. Kertodirejo (1920-1928),



## Sibrake

Kabupaten Jember dhewek diedegaken misah teka Kabupaten Bondowoso taun 1929 lan R. Notohadinegoro (1929-1942) hang dadi bupati kawitan.

Kerana ngerteni kedadiyan iki penulis nduweni karep:

1. Masyarakat enem kabupaten/kutha, sekirane bisa mbukak atine, kadhung awake dhewek iki tau dadi siji lan dadi bagian teka Balambangan, kaya tah kerajaan Melayu hang nduweni pirang kabupaten lan propinsi ring Sumatera. Semana uga kerajaan Balambangan tau nduweni pirang-pirang kabupaten ring Jawa Timur.
2. Masyarakat Banyuwangi kudu bisa mbukak wawasan, kadhung Balambangan sing mung Banyuwangi lan sing ana monopoli kadhung Balambangan mung Banyuwangi, kerana fakta sejaraha mula sing gedigu.
3. Sing perlu rebut bucing, lan sing perlu nduweni sipat fanatik kedhaerahan edan-edanan kerana awak dhewek iki kabeh, sedulur sebangsa, senegara, Indonesia.

Emha Aji Ramawidi

Penulis buku Suluh Blambangan lan Suluh Blambangan 2



Batu bata yang berserak di galian tanah kedalaman 10cm-3m dekat situs Semboro  
(photo: dok BKK)



# PERSEPEN

## BUDAYA LUHUR BELAMBANGAN

Persepenan yaiku budaya hang ana sakat jaman bengen, kelevu tradhisi kuna, kadhung diartikaken Basa Arab artine *khalwat*, nyepi kanggone kabeh makhluk, lan ngelakoni *riyadhah*.



## Persepen

Tradhisi iki emeh ana ring lelakune para sufi, lan tradhisi iki uga wis ana ring jamane para nabi.

Sak temene menungsa urip ring donya iki diadhepaken nyang pirang-pirang masalah lan kedadeyan, bisa kedadeyan apik utawa kedadeyan elek, semana uga masalah kadhang masalah hang teka nyang menungsa iku masalah hang apik utawane masalah hang elek, kabeh-kabeh masalah iki mauka kadhung gelem pasrah lan nerima, teka lan balike ya mung karepe hang nggawe urip yaiku Gusti Allah Swt.

Agama ngajaraken, ring njerone ngelakoni urip, kudu bisa mikir, lan ngelakoni urip sedina dina kelawan ajaran-ajaran hang wis diajaraken ring kitab suci lan tradhisi.

Paran iku persepen? Persepen yaiku papan panggonan hang dipercaya ambi mbah buyut, papan panggonan hang suci, papan panggonan hang dienggo madhep mantepaken ati wadul akeh-akehe masalah ring donya iki. Biyasahe persepen iki anane ring njero umah, utawa kamar khusus hang sing ulih dileboni sapa baen, ring abad 18 bengen wong tuwek-tuwek hang cekelan agamane rada kenthel mesthi duwe persepen, kelebu mbah buyutrika lan isun. Anane persepen iki uga ngambaraken kadhung uwong iki mauka dhemen nyepi kanggone nduduhaken dhemene ibadah nyang Hang Maha Kuwasa, hang ring njerone ibadah-ibadah wajib utawane sunnah.

Tradhisi lan budaya persepen iki, jangget kadhung dicantholaken ambi hang aran "suluk", suluk yaiku dalan-dalan kanggo nyempurnakaken batin.

Wujud hang paling katon lan nyata ambi tradhisi iki yaiku panutan hang nggawe mongkog ambi wong sak donya yaiku, Rosululloh Muhammad S.A.W. Sakteruse para nabi lan para wali uga milu ngelakoni *khalwat*/persepen lan *uzlah*, bengine wong Belambangan ring angger-angger umah mesthi ana papan panggonan hang didadekaken lan dienggo persepen kerana persepenan iki bisa dienggo mbantu marekaken ati lan pikiran nyang keagungane Gusti Allah, kerana pirang-pirang nikmat hang wis diuweni.

Tradhisi iki setemene wis ana pirang-pirang atus taun kepungkur, sakat jamane Nabi Ibrahim a.s., Nabi Musa a.s., Nabi Isa a.s, lan uga Nabi Muhammad saw, kerana melakune jaman persepen utawane *khalwat* iki dienggo lan diamalaken nganggo cara-cara hang beda lan macem macem cara uwong hang ngelakoni. Ring kerajaan lan budaya blambangan, hang akeh isi

filosofine yaiku kepingin sempurnane urip kaya dene kupu hang berai, kerana iki perlu anane meneng mejegrek lan sabar kanggo dadi enthung-enthung sulung. Kerana iku sing nyana kadhung ring kerajaan iku sakdurunge raja dadi raja hang jaya, kudu meneng sulung ngelakoni semedi utawane metapa kanggone njaluk petunjuk lan restu nyang Sang Hyang makene kepemimpinane mangarepe lebih apik.

Odod teka *khalwat* utawane persepen iki kadhung Wong Jawa ngucap semedi yaiku ngenteni ring sepi kanggo tawajuh nyang Gusti Hang Maha Suci, raina bengi sing ngereken lan sing ngenengaken ati iki ngerasakaken owahe saben-saben kedadeyan ring donya, taping kerana laku iku paran hang dadi ngerandhune sing kira siya-siya, kerana ngerandhu iki ngandung kekusaan, sapa wong hang ngelakoni iku nganggo adab *khalwat* nyangi Gusti Allah, mata-atine kebukak lan dibarengi rasa kepingin hang kusa kanggo aja sampek kelangan anugerah hang mili ring njero ati.

Lakune jaman nuntun lan nduduhaken nyang awake dhewek kadhung budaya luhur iki wis rada ilang edheng-edhengan, ring njerone tradhisi Blambangan, kerana wis mangkat arang umah-umah hang dienggo persepenan, kanggone meneng lan muhasabah nyang Gusti Allah.

Kerana pentinge tradhisi iki, sapa bain hang ngelakoni bisa marek nyang Gusti Allah, kanggo ngiling-ngiling, kelendi kawitane dadine alam donya lan menungsa, kerana iku menungsa iki bakal sadhar kadhung iyane sing ana paran-parane nyang ngarepe Gusti Allah, kerana iku tradhisi persepenan iki bisa ngerijigi ati lan pasrah nyang paran hang wis dadi takdire Gusti Allah Swt.

Semono uga persepen hang dilakoni Rosululloh saw. bengine, Rosululloh ngelakoni persepen hang kawitan ring guwa Hira, kanggo marekaken awake lan khekhalwatane nyang Gusti Allah swt.

Kerana iku tradhisi persepen ring Blambangan iki kudu diuri-uri makene sing kegerus ganase jaman, persepen hang ana ring umah iku ana makna hang jeru hang ngandung pirang-pirang arti lan maknane. Kadhung jare para sufi umah iku ibarate ati, ati hang kudhu dirijigi, lan makene awake dhewek terus ngiling-iling Gusti Allah, kaya dene umah, umah iku kadhung rijig maka hang ring njerone ngerasa aman lan tentrem.

(Muh. Nur Rofik)



## Generasi Milenial lan Macaan Lontar Yusup Banyuwangi

**R**ing minggu kawitan ulan November, ana rolas lare-lare enom kumpul ring umahe salah siji anggota komunitas **Macaan Lontar Yusup Milenial** ring Dusun Sukopuro Desa Sukanatar, Srono. Macaan malem sabtu iki wis melebu pertemuan hang kaping pindhho. Rong minggu sedurunge dianakaken ring umahe salah siji anggota noring Kemiren, Glagah. Komunitas Macaan Lontar Yusup Milenial, mula arane rada *kekinian* merga komunitas iki dipilone lare-lare enom antarane umur 17-35 taun. Macaan Lontar Yusup dianakaken rong minggu sepisan saben malem sabtu, panggonane giliran ring umahe anggota.

Lalare enom hang lanang ana hang nganggo udheng, uga ana hang nganggo kethu, peci khas santri lan sarungan. Anggota wadon pating nganggo kudhung (jilbab). Sak marine Isya' macaan diangkati. Kaya dene tradhisi Macaan Lontar Yusup, kabeh anggota lungguh jejer mubeng silah ring kelasa. Dikawiti maca *Pupuh Kasmaran*, saben anggota diweni kesempatan maca enem *pada* (bait). Macane kudu urut persis hang ana ring kitab, sing ulih dilencat.

Saben-saben anggota hang durung ulih giliran maca kudu milu niteni. Kang Purwadi minangka pengajar macaan uga ndhampingi, niti lan nepakaken cara maca hang kurang tepak. Kabeh anggota wis digampangaken ambi buku panduan lengkap hang isine ana teks asli, transliterasi lan terjemahane. Kanggo anggota hang magih sinau aksara pegon, bisa maca aksara latine.

Ridho Andy, ketua komunitas iki njelasaken kadhung komunitas iki mula ngadeg sak ulan sedurunge. Ngadege komunitas macaan Lontar Yusup hang dipiloni lalare enom iki dikawiti teka pelatihan macaan Lontar Yusup kanggo lalare enom hang digawangi ambi Bu Wiwin Indiarti (staf pengajar FKIP Bahasa Inggris Uniba) liwat Program Kemitraan Masyarakat (PKM) hang didanai Kemenristek-Dikti. "Komunitas Macaan Milenial iki mula ngadege dikawiti teko pelatihan megawe bareng antarane PKM Uniba ambi mitra Pengurus Daerah Barisan Pemuda Adat Nusantara (BPAN) Using lan kelompok Macaan Lontar Yusup Desa Kemiren.



*"Alhamdulillah, tibane semangate kanca-kanca sing mandheg sekala mari program pelatihan, didhasari rasa semangat sinau warisane sembah buyut. Kemangka kanca-kanca duwe inisiatip nggawe komunitas pertemuan rutin kanggo ngelancaraken tembang saben pupuh ulihe pelatihan. Kadhung sing diterusaken sinaune, tembang hang wis disinauni bakalan ilang",* jare Ridho nambahi ceritane.

Hang nambahi semangat sinau macaan lontar iki, anggota komunitas sing mung dipiloni lalare enom hang teko desa-desa Using, naming uga ana anggota hang teka wilayah budaya Jawa Mataraman. Mala, mahasiswi Uniba asal Purwoharjo iki semanagate bisa ditiru. Bisa kejuluk penerus Mak Onah, penembang macaan lontar Yusup hang wis almarhum. Mala, cengkok lan suarane bisa sempurna khas macaan Banyuwangi.

*"Isun dhasare mula duwe hobi olah vokal, ditambah maning Isun uga tertarik milu pelatihan iki kerana penasaran ambi Lontar Yusup",* ujure Mala.

### Preservasi lan Revitaliasi Macaan Lontar Yusup Banyuwangi

Bu Wiwin hang nggagas program pelatihan macaan Lontar Yusup kanggo lalare enom iki dikawiti teka inisiatip ngerintis sekolah adat ambi PD BPAN Using. Macaan Lontar Yusup dipilih dadi salah sijine materi ajar kerana tradhisi macaan ring Banyuwangi iki wis arang diminati lalare enom. Ale, Masyarakat Using Banyuwangi bisa diarani siji-sijine komunitas masyarakat ring Jawa hang magih ngugemi tradhisi macaan dienggo pelengkap weluri ring saben-saben selamatan daur hidup, umpamane selamatan mitoni, sunatan, kawinan lan selamatan desa. Mulane iki



## Generasi Milenial

warisan iki perlu dijaga lan diuripi terus. Kelawan pelatihan iki dikarepaken bisa nerusaken kemampuan maca Lontar Yusup ring kalangane generasi enom.

*"Mula lontar Yusup iki siji-sijine naskah kuna hang magih urip lan dienggo salah siji bagian penting ring ritual-ritual masyarakat Using utamane ring desa-desa hang magih kenthel adat Usinge, mulane iku penting diuri-uri liwat pewarisan cara maca lan nembangaken",* Ujare Bu Wiwin.

Iyane uga nambahaken kadung seperene iki sing akeh pelaku macaan hang paham isine lontar yusup iku paran, masiya uwong iku bisa lan lancar nembangaken. Mulane iku perlu usaha kanggo nerjemahaken teks-teks pegon iku mau noring bahasa Indonesia.

Purwadi, hang akrab disapa Kang Pur salah siji tokoh pelaku tradhisi macaan Lontar Yusup ring Kemiren dijuluk dadi pengajar ring program pelatihan iki. Kang Pur iki sosok hang mampu mulang lan ngajaraken cara nembang saben-saben pupuh. Cara ngajare mula omesan lan telaten, uga paham cara ngajar hang urut lan sistematis saengga bisa gampang dipahami lalare enom.

*"Penting kirane kanggo lalare enom khususe lare Using bisa nembang lontar yusup iki, kerana Sun kira wis meh entek generasi hang bisa maca Lontar Yusup cara Banyuwangenan,"* ucape kang Pur.

Kang Pur uga kerep ngabragi lalare enom kadhung macaan Lontar Yusup iki seliyane kudu bisa nembang uga kudu bisa maca hurup pegone. Iyane kerep

ngilingaken disambi nyinauni tembang, sithik-sithik kudu sinau aksara pegon, sing mung ngandalaken hurup latin bain, kerana rohe Lontar Yusup ana ring kono.

----  
Lontar Yusup, salahsijine naskah hang merujuk ring tengahé masyarakat Using hang tumeka dina iki magih diwaca lan dadi bagian teka ritual penting selamatan kaya nadar sunatan, kawinan, mitoni lan selamatan desa. Naskah iki isine kumpulan gurit hang nyeritakaken laku lampah uripe Nabi Yusup AS. Gurit-gurit iku mau ditulis nganggo aksara Arab Pegon. Kumpulan Bait-bait gurit ring tradhisi macaan Banyuwangi kejuluk *pada*, lan sak bait kejuluk *pada lingsa*. Gurit-gurit iku mau dibagi 4 jenis pupuh yaiku Kasmaran, Durma, Sino, lan Pangkur. Ciri khas hang paling ketara ring tradhisi Macaan Lontar Yusup Banyuwangi dibanding Macapatan Jawa yaiku cara nembange lan cara penulisan pegon hang nyimpang teka umume akasara pegon hang ana ring Nusantara. Sing ana kepastian sapa penganggite lan kapan kawitan dianggit. Naming, merujuke Lontar Yusup ring Banyuwangi iki sing luput teka jaman proses islamisasi ring Bumi Belambangan. Miturut penemu, Lontar Yusup Banyuwangi asal babone teka Lontar Yusup asal Cirebon hang dianggit tahun Jawa 1555 (1633-1634M). Naming, ring Banyuwangi seperene ditemokaken naskah Lontar Yusup hang paling tuwek yaiku tahun Jawa 1829 (1890-an M). (Arif Wibowo)





# Berita Buku

Telung buku diluncuraken ning Banyuwangi Ana telung buku ring emeh pungkasan taun 2018 iki hang diluncuraken ring Banyuwangi. **Lontar Yusup** (Wiwini Indarti), novel **Hadirnya Setiap Malam & Semalam Suntuk** (Hasnan Singodimayan) lan **Belanda di Bumi Blambangan** (de Jonge & van Deventer).

**L**ontar Yusup buku hang ngomongaken wujud Lontar Yusup kang saben seminggu sepisan magih diwaca ring desa Kemiren. Ditulis nganggo basa Arab pegon kaya hang wis biyasahe ring lontar-lontar, ana transkripsi latine lan alihbasa ring Bahasa Indonesia moderen. *Lontar* setemene *metatesis* teka *rontal*. Ron artine 'godhong' lan *tal* iku artine 'wit'. Jare P.J. Zoetmulder, ring buku **Kalangwan** (1974), istilah *tal* bisa bain teka istilah Jawa kuno *tal*, hang ring basa Bali Asor (lan basa Using, red) diucapaken dadi *ental*, hing dienggo maning.

Novel **Hadirnya Setiap Malam & Semalam Suntuk**, ditulis nganggo Basa Indonesia, nduduhaken kaweruhane Hasnan Singodimayan ring budaya Blambangan. Judhule iku mau setemene alihbasa teka Basa Arab hang dadi kawentare ring kesenian Banyuwangi yaiku Hadrah Kuntulan. Malah ring basa sabendinane digawe cekak maning dadi mung *Kuntulan*. Jare Wak Hasnan, Kuntulan minangka seni Timur Tengah hang ngerandhu wengi.


Ring seniman Banyuwangi *Hadrah Shalawat* diadopsi kalangan pesantren dadi wujud



tarian. Novel iku ceritane hing mung kekarepan nguri-uri budhaya hang diduduhaken ring ceritane hang nyenggol paran bain hang bisa kedadeyan ring Banyuwangi, kayata Mekkah, poligami, konflik ring desa. Kabeh nyumber teka falsafah Using Dular Papat, Siji Pancer.

Setemene ceritane magih sakkelupekan cerita pegawai ring Banyuwangi, kaya ceritane ring novel dwi-basa **Niti Negari Bala Abangan** (2015). Hing kelalen cerita santet umah-umah hang ana hubungane ambi kewan umahan hang sikile papat yaiku: asu (ason), babi (kesrek), jaran





Landa. Mula dadine akeh sebutan hang hing enak nyang mbah buyute dhewek, umpamane 'pemberontak', 'orang jahat' lan liya-liyane.

Ring peluncuran bukune ring Universitas 17 Agustus 1945 Banyuwangi, editore Mas Aji Wirabumi njelentrehaken hubungane surat-surat Landa iku ambi diwani konteks.

Buku BBB iki sithik-sithik mbeliyaki sejarah Blambangan hang sedurunge hing patiya akeh hang nyatheti.


(Iwan)

(goyang), kebo (bodho), kucing (gorang), sapi (rambon), wedhus (kelumus).


Lan kaya biyasahe, aran-aran lakone ya nganeh-anehi. Zam zam hang duwe rabi loro hang karo-karone minangka rabi hang kepisan: Ngumbar Sapi Alas lan Sriti Tengahe Sawah. Karo-karone duwe anak kembar sepasang, hang lanang diarani Tanpa Una, Tanpa Uni lan hang wadon Sayu Puput lan Sayu Pipit. Seru Belambangan.

Hang pungkasan buku Belanda di Bumi Blambangan isine naskah surat-surate Landa teka hang teka lan kanggo Gubernur Pesisir Jawa Wetan, pemimpin Kompeni ring Batavia uga pemimpin Landa ring negarane.

Surat-surat iku diterbitaken ring de **Opkomst** tahun 1800-an hang diedhitori ambi de Jonge lan van Deventer. Naskah-naskah hang ana hubungane ambi Blambangan iku sedurunge durung tau diterbitaken. Kelawan maca surat-surat iku kene weruh peristiwa sejarah hang kedadeyan ring Blambangan teka tasemake







**T**radhisi Macaan cara Banyuwangi, mesthi sing bisa ninggalaken aran Lontar Yusup. Kabeh hang diwaca noring tradhisi iku arane Lontar Yusup, masiya tah ketulis ring kertas, arane tetep Lontar. Pantese bengene ketulis ring godhong lontar, makane aju diarani lontar mau. Tradhisi Macaan hang magih kerumat sampek seperene ana ring Desa Kemiren, Kecamatan Glagah, Banyuwangi. Malah seminggu sepisan, wong-wong ring desa

kono ngananakan Macaan kanggo ngelestarekaken kesenian tinggalane embah buyut bengen. Buku hang ketulis ring Wiwin Indiarti, peneliti lan dosen Uniba Banyuwangi pancen ngemu akeh kaweruh. Kanggo rika hang durung tahu wujud Lontar Yusup lan isine, bisa mudheng kadhung maca buku iki. Sak liyane dibahas lan dijelentrehaken paran iku Lontar Yusup mau, uga ana lampiran isine Lontar Yusup hang ketulis Arab Pegon (Arab hang

nyeliwah), nganggo Basa Kawi (Jawa Kuno) lan diterjemahaken nang Bahasa Indonesia. Kadhung terima kepingin weruh paran jelentrehane, rika bisa maca sampek entek. Namun kadhung kepingin weruh kelendi maca lan laik-laikne, penulis buku iki uga kerep nganakanen latihan macaan.

Sak durunge, kadhung rungu Macaan, mesthi angen rika nang aran Almarhum Aljin wong Kaliputih, Genteng. Tahun 1970-

## Resensi Buku

Judhul buku: Lontar Yusup Banyuwangi  
(Teks Pegon – Transliterasi – Terjemahan)

Penulis: Wiwin Indiarti

Penerbit: New Elmatara Publisher

Taun: 2018

Halaman: 363 [xvi]





an, Aljin sak kanca ambi Januri wong Genteng Wetan, wis ngetokakan pirang-pirang album rekaman kaset arupa Kesenian Macaan Pacul Gowang. Beda hang digawa Aljin sak kanca, beda uga ambi tradisi hang sampek saiki magih lestari ring Kemiren.

Miturut keterangan Kakik isun (Kik Saip dan Kik Awi), sejatine Aljin ring album kaset mau mung "Paculan," noring tradhisi Macaan Banyuwangi dhewek, 'paculan' iku mung selingan noring wong maca, mane sing ngantuk lan nutug sewengi njempleng. Naming 'Paculan' mau aju ngadeg dhewek lan arang nemoni Man Sapi'i lan Bik Onah maca lontar. Masiya tah aseline wong loro mau bengene ya tukang maca, Aljin tukang teges. Yaiku njelasaken isine hang diwaca ambi Sapi'i lan Onah. Jaman magih murni macaan, hang diwaca ya Lontar Yusup. Naming serta wis dadi pacul gowang, hang diwaca ambi laik-

laik has Mas Sapi'i, Bik Onah lan Man Katirin, mung arupa basanan anggitan anyar.

Mbalik nang Buku Lontar Yusup Banyuwangi, penulis teliti seru njelentrehaken wujud Lontar iku paran, macem-maceme tembang hang dadi isi. Uga terjemahane, kanggo wong-wong hang sing paham ambi Basa Kawi. Uga kanggo hang sing bisa maca tulisan Arab, wis 'ditransliterasi' nang aksara latin. Naming kadhung kepingin weruh kelendi sejatine Macaan cara Banyuwangi iku, apike miloni latihan Macaan hang dipiloni lare-lare enom.


Kanggone Pemerintah lan instansi ring Banyuwangi, kudune ngucapaken kesuwun hang akeh nyang Wiwin Indarti. Anane Buku Lontar Yusup Banyuwangi, bisa dienggo alat ngelestarekaken kesenian hang mung lestari ring Desa Kemiren. Teka buku iki, uga dadi tantangan kanggo peneliti lan tukang kawigaten nang kesenian Banyuwangi, ring endi

bain sih sak temene Tradhisi Macaan ring Banyuwangi iku. Kadhung ndeleng teka kesenian Paculan hang mula kawite teka Tradhisi Macaan, kudune sebaran tradhisi Macaan iku magih ana ring njabane Kemiren. Aljin lan Januri teka Genteng, Sapi'i lan Bik Onah, teka Ganting, Desa Seraten Kecamatan Cluring, Katirin teka Kedonen Blimbingsari lan Misran teka Waktu Kebo, Rogojampi.

Kadhung ana hang gelem nerusaken asil peneltiane Wiwin Indarti iki, tambah bisa jelas kawela-wela sejarah merujuk mekare Tradhisi Macaan ring Banyuwangi. Aran pupuh-pupuh ring Lontar iki mau, sak liyane padha ambi aran pupuh ring tembang Jawa, ring Banyuwangi uga ana aran pupuh Arum-Arum. Angger-angger pupuh uga dibahas, kelendi sih watake pupuh iku lan ana pira di Lontar Yusup.

Pungkasan, kanggo dulur lan kanca hang duwe kawigaten nang Basa Using. Buku iki keneng dienggo lemek rika ngelumpukaken ujar-ujar lawas hang tau dienggo embah buyut. Basa Kawi minangka bibit kawite Basa Using hang ana ring Banyuwangi. Jare ahli basa teka Badan Bahasa Jakarta, Dr. Ganjar Harimansyagh, buku tulisan alumni Sastra Universitas Gajahmada iki, bisa kanggo 'korpus' kadung arep nyempurnakaken Kamus Basa Using. Kadung kepingin gesahe tambah enak masalah Macaan, enak rika kabeh tuku lan maca buku iki sulung.

(Hasan Sentot)





**R**uwahe Pak Hasan Ali hang tau madeg dadi Ketua Dewan Kesenian Blambangan (DKB) lan aktif ring organisasi Dewan Harian Cabang Badan Penerus Pembudayaan Keuangan 1945 (DHC 45) seru bangkele nyang Welanda. Mesthi bain wong Indonesia hang ngerasa negarane tau dijajah, disesep kesugihane, dipateni embah buyute, mesthine ya bangkel kabeh. Organisasi hang disebut pungkasan iku minangka wadhah para pejuang hang bengen tau milu ngangkat gaman ngelawan penjajah, ya Jepang ya Landa.

Mangkane tepak ngusulaken lan namtoaken dina dienggo dina dadine Banyuwangi, DHC 45 hing terima gok tanggal 24 Oktober 1774 hang

didadekaken. Mula kadhung ndeleng kedadeyan *de facto* tanggal iki wayahe bupati Banyuwangi kawitan hang dilungguhaken ambi Landa Mas Alit pindah nang kutha anyar Banyuwangi hang buru dibangun sakat enteke Perang Bayu tahun 1771.

Taping kadhung nganggo tanggal iku ya padha bain ngakoni penjajahan Landa ring Banyuwangi. Paran gunane perang hang dilakoni ambi embah buyut sampek bisa merdhika taun 1945? Kabeh hang diperjuwangaken dadi muspra.

Naskah sejarah hang endi hang dienggo rujukan? "Isun rada mang-mang nganggo babad, polae akurasine, ana aran umpamane hang mesthine njumbul atusan taun sedurunge," jare Hasan Ali bengen.

Ana cathetane Landa dhewek, surate Gubernur Pesisir Timur Laut Java J.R. van der Burgh nang Gubernur Jendral lan Dewan Hindia Belanda tanggal 13 Januari 1772. Surate iku nyeritakaken kalahe pasukan Landa tepak diserang ambi pasukane Jagapati ring Bayu.

Cathetane Landa iki minangka laporan gubernur nong atasane kana, dadi hing kira gubab, jare Hasan Ali tepak bengen ditemoni nong umahe ring Mangir. "Gubernur Landa hing kira lapor ngapusi atasane ring Batavia. Nah, ring surat iku gubernure dhewek hang ngomong gok pasukane dikalahaken ambi pasukan Bayu."

Dienggo pengenet cerita heroike embah buyut bengen, tanggal iku hang dipilih dadi tanggal laire Banyuwangi. Masiya kutha Banyuwangi durung ana. Ring cathetan sejarah Indonesia, akeh-akehe cerita pahlawan Indonesia hang kalah perang ambi Landa, hang iki Landa ngakoni dhewek gok iyane kalah. Lan ring dokumen liyane, diceritakaken gok perang Blambangan iki ngentekaken bandha padha ambi wolung ton emas lan panggonan hang ngentekaken nyawane pasukan Landa paling akeh ya ring Bayu.

Ring buku **Belanda di Bumi Blambangan**, ditulis gedigi (halaman 83):

*Pada tanggal 13 desember 1771 komandan Reygers dengan pasukannya telah bertolak dari Kota Lateng dan keesokan harinya telah tiba di Bayu, kemudian*

## RESENSI BUKU

### Judhul: Belanda di Bumi Blambangan

(Naskah-naskah Arsip Kolonial Lama yang Belum Diterbitkan)


Penulis: Jhr. MR. J.K.J. De Jonge & M.L. van Deventer

Alihbasa: Pitoyo Boedi Setiawan

Penerbit: Sengker Kuwung Belambangan

Taun: 2018

Halaman: 180 (vii)





memerintahkan pasukannya untuk menyerang tempat persembunyian para pemberontak. Tetapi ada perlawanan yang gigih dan kuat yang dilancarkan dengan tembakan dari dalam benteng yang terbuat dari batang-batang pohon yang besar dan kuat.

Komandan Reygers tertembak pada bagian kepalanya berikutan dua prajurit Eropa gugur dan sepuluh prajurit Eropa terluka, begitu juga dari pasukan orang Pribumi, yang gugur terdapat lebih dari seratus orang dan setelah semua peluru yang dibawanya habis terpakai, tanpa ada hasilnya, maka diputuskan untuk mendirikan sebuah perkemahan yang berhadapan dengan benteng musuh tersebut, sambil menunggu pengiriman peluru dari kota (Lateng).

Setelah itu selama tiga hari tidak terjadi hal-hal yang penting, tetapi pada tanggal 18 Desember 1771 pada siang hari kira-kira 200 orang pemberontak, tetapi ada juga yang mengatakan hanya 100 orang pemberontak, yang hanya dipersenjatai dengan tombak-tombak pendek dan bambu-bambu runcing, mereka menyerang pasukan kami (pada waktu itu pasukan infantri kami masih terhitung 120 orang) yang pertama diserang.

Mula-mula pasukan infantri tersebut melakukan perlawanan, tetapi begitu mereka menyadari bahwa infantri berada dibawah Sersan Mayor Schaar (yang memegang komando, juga ikut menghantarkan Kapten Letnan Reygers ke kota, karena lukanya) bukannya mereka itu mengangkat senjata mereka untuk melawan,

tetapi mereka justru melarikan diri, sehingga dikejar oleh musuh yang sudah gelap mata dan yang sudah menyelinap di antara prajurit Eropa itu, sehingga kebanyakan dari prajurit Eropa tersebut yang gugur.

Bahwa sebaliknya justru pasukan yang terdiri dari orang Madura, Sumenep dan Pamekasan yang dengan gagah berani melawan dan berhasil menghalau musuh, dan bukan pada hari itu saja, tetapi juga pada keesokan harinya, ketika musuh menyerang mereka dengan meloncat, tetapi musuh akhirnya kembali ke sarang mereka, setelah salah satu pemimpin mereka tertembak dan gugur, Selain itu pada tanggal 20 Desember pasukan orang pribumi tersebut dalam barisan teratur kembali lagi ke kota.

Bahwa orang Eropa yang masih tersisa, beberapa diantaranya termasuk juga bersamanya Ostroskly yang terluka berat, bagian terbesar dari mereka sudah tidak bersenjata lagi. Dalam keadaan sangat lelah, mereka berjalan berkelompok-kelompok, kembali ke kota. Mereka menyalahkan kekalahan tersebut pada sikap pengecut dari Sersan Mayor Schaar, pembantu Tinne, 41 anggota infantri, 15 orang dari korps khusus Dragonders, para bintangara dan tamtama serta seorang dari pasukan artileri, selain sejumlah besar anggota dari pasukan orang Pribumi.

Pasukan Dragonders teka Semarang iku minangka pasukan elit gerak cepat Landa lan ring Bayu pontang-panting ngelawan pasukane Rempeg. Ring buku iku hing dilaporaken gok pasukan Rempeg sampek ngarak endhase

Landa hang ditancepaken ring jajang.

Kerana buku iki laporan Landa nang pemimpin Landa liyane, istilah-istilah hang dienggo ya "pemberontak", "orang jahat" lan sepiturute kanggo ngarani pahlawan-pahlawan pribumi.

Buku iki hing mung cerita Belambangan hang ana ring Banyuwangi, taping hubungane ambi Bali, Puger, Lumajang, Panarukan, Malang lan liya-liyane. Lan hing mung iku, uga hubungane ambi saingane Landa ring Blambangan ya iku Inggris.

Minangka wacanan kanggo nyugih cerita sejarah, buku iki dadi pelengkap kelendi kiprohe Walanda ring Blambangan. Nambahi sugihe buku hang nyeritakaken bab Belambangan, kayata: Nagari Tawon Madu (I Made Sudjana), Perebutan Hegemoni Blambangan (Sri Margana), Suluh Blambangan lan Suluh Blambangan 2 (M. Hidayat Aji Ramawidi) lan naskah Blambangan liyane hang kececer.

Naskah buku hang diterjemahaken Pak Pitoyo Boedi Setiawan iki setemene dijuwut teka buku De Opkomst hang diedhitori ring Johan Karel Jakob de Jonge lan Marinus Lodewijk van Deventer.

Pak Pitoyo dhewek setemene belasteran Landa teka bapake. Tapi iyane kecandhol randha Banyuwangi lan ngentekaken umure ring Banyuwangi. Iyane tau ulih penghargaan teka Pemda Banyuwangi merga usahane nerjemahaken naskah-naskah Landa hang ana hubungane ambi Banyuwangi, kayata Hukum Adat Blambangan. Lan naskah-naskah liyane.

(AJ)



# JENANG SURA

**S**akat jaman bengen, ada tradhisi saben mapag tahun anyar Hijriyah utawa hang anjerah diweruhi minangka tanggal siji Sura, yaiku tradhisi ater-ater Jenang Sura. Ring saben-saben dhaerah mula ana macem-macem jenang, malah macem-macem Jenang Sura. Taping hang aran Jenang Sura ring Banyuwangi weragate ya kaya hang ditulis ring ndhuwur iku.

Lalare padha nganteni kirimane dulur lan tangga, sakbalike, lalare pisan hang melibeng ngateraken Jenang Sura nyang umahe tangga-tangga.

Tradhisi iki bisa diamet apike yaiku ngeraketaken seduluran ambi tangga sakubengan lan kanggo pituduh awehan nyang tangga lan dulur-dulure. Jenang Sura, digawe teka beras hang diolah dadi jenang. Ragine hang pokok sere ambi santen, kadhung dhemen rada kerasa ragine bisa uga ditambahi jahe, godhong salam lan godhong jeruk purut. Jenange putih rijig, adune warna-werni dadi katon berahi. (HZ)



## JENANG SURA

*Lemeke godhong gedhang*


*Adune kare pitik bergedel kenthang*

*Endhog dadare tipis dirajang*

*Diwur-wuri gorengan kacang*

*Katon berahi direngga seledri ambi lobok abang*





# MAWAR KANGGO AINI

Dianggit ring Satria Pujangga

*“Semebrung ganda wangi kembang  
Hang semembur ning lemah iki,  
Nyerambahi pedhute ati  
Hang wis sing bisa njerit  
Nyebut aranrika hang Sun welasi”*

Sun sawang aran hang kaukir ring paesan. “Aini” perawan hang buru cemanthol ring ati, saiki wis kari aran. Getunusun sing mari-mari, gok seru gelise ninggalaken awakipun selawase. Iluh magih mberebes ngepusi pipi lan lemah kuburan ring ngarepisun. Ambune kembang kirim nambahi susahe atinipun hang kelangan. Aini, kanca memengan hang meneng-meneng nyidhem welas nang isun saiki wis sing ana ring donya iki.

“Aja Rika tangisi, lilakena Aini makene tentrem,” bisike Seto teka burinipun.

Isun sing kuwat arep nyauri Seto hang ngadeg ring mburinisun. Isun mung bisa mesesegen nangisi Aini. Buru

saiki getunusun keliwat-liwat rasane. Getun ditinggal Aini lan getun gok bengen isun sing ngereken nyang welase hang seru jerune nyang isun. Apuwa isun gok nguber welase lare hang durung karuwan.

Kuburan wis sepi, mung kari Seto hang ngancani isun. Tanganipun magih ngusuki paesane Aini hang dikudhungi payung cemeng.

“Ayo mulih, nawi aju udan,” Seto nabok pundhakisun hang magih ngogrok.

“Sulung, Isun magih kepingin ngancani Aini,” sauripun ambi mesesegen.

“Aini sing butuh kanca, hang penting donganrika.”

Isun rasane magih abot

arep ngadeg. Awak rasane lisuh kaya sing duwe daya. Tangane Seto narik lengenisun makene agage ngadeg. Awak rasane lipruk sing kuat ngadeg jejeg. Seto mapah awakipun njangkah ninggalaken kuburane Aini.

“Uwis, Aini saiki wis ayam ring kana,” bisike Seto ring kupingipun.

“Isun getun, bengen gok sing ngereken nyang welase.”

“Sing usah Rika getuni, iki wis mula pasthine.”

Udan wis mangkat cicir. Donya kaya-kaya milu nangisi Aini hang mulih nyang ngarsane Gusti Hang Maha Kuwasa. Ati saya pedhut, sing nerima kadhung Aini saiki wis ilang selawase. Sing sun reken banyu udan ngepusi awakipun. Seto magih tetep



ngancani isun mulih.

"Ayo hang gancang melakune, kadhung kesuwen keneng udan engko malah lara."

Seto narik awakipun hang magih lisuh. Sakliyane Aini, Seto kancanipun memengan sakat cilik. Isun ambi Seto wis kaya dulur kandhung. Sing kerasa uwis gadug ngarepe umah.

"Gus, Isun mulih sulung ya. Engko mari salin Isun merene maning." Seto pamit.

"Iya, kancanana Isun yah, saiki uripipun rasane sintru."

"Aja kuwatir, hang aran kanca ya kudu ngertilah," Seto njangkah ninggalaken isun ring ngarep umah.

Agage isun melebu umah liwat mburi langsung melebu nyang cedhing ring pawon. Sun siram awakipun hang kepus keneng banyu udan. Awak gemigil, sing kuwat ngerasakaken adhem.

"Aiiii!" isun mara-mara mberak sak antere nyeluk arane Aini.

Mata nyawang rasane peteng, isun sing bisa nuli paran-paran maning. Sing kerasa awak tiba ngelipruk ring cedhing.

"Gus, Bagus tangiya." Lamat-lamat isun rungu suwara nyeluk aranisun.

"Isun nang endi iki?" matanisun magih rada raweng.

"Ring kamar, jare apakrika, Rika mau semaput ring cedhing."

"Aini mau endi To, sing milu merene ambi Rika tah?"

"Engeta Gus, Aini wis

ninggalaken Isun lan Rika selawase," Seto ngethem tanganipun.

"Ya Allah..."

Tangisisun bench maning sing keneng dibendhung. Sun peluk Seto sak kuwate. Seto napuk-napuk pundhakipun.

"Wis menenga aja nangis digu, sekaken Aini."

"Isun sing kuwat To," tangisisun saya anter.

"Uwis tah menenga, Isun arep nyampekaken penjaluke Aini nyang Rika."

Sun eculaken pelukanipun nyang Seto. Sun usap-usap iluhisun hang mili ring pipi. Sun coba ngendhegaken tangis iki sak bisane. Sun dhem-dhem susahe ati iki.

"Uwis To, ngomonga nyang Isun paran hang dijaluk Aini."

"Telung dina sedurunge sing ana umur, Aini memengan nyang umah. Iyane titip omongan nyang Isun kanggo Rika," Seto ngawiti cerita.

"Terus ngomong paran bain Aini?" atinisun seru kepingin rungu.

"Aini ngomong nyang Isun, iyane seru kepingine tepak ring dina lahire, Rika uweni kembang mawar abang," Seto nerusaken gesahe.

Iluh mangkat temetes maning ring pipinisun. Mula pitung dina engkas tanggal 16 April, dina lahire Aini. Isun kepingin nguweni iyane kadho lan arep sun ajak ngelencer

nyang taman kutha. Taping wis kesulungan iyane dijuwut ambi Hang Kuwasa.

"Ana maning Gus," Seto sing nerusaken omonge, sun sawang matane milu mberebes mili pisan. Bagus mesesegen sing bisa arep ngomong.

"Paran To? Rika gok nangis pisan, apuwa To?" tangisun saya ndadi.

"Jare Aini, kadhung iyane dipasthi sing ana umur, angger tanggal 16 April Rika dikongkon ndeleh kembang mawar abang ring sandhing paesane." Seto nangis tambah anter.

"Iya To, Sun sanggupi penjaluke Aini kanggo nebus kesalahanipun nyang Aini. Kisuk pas pitung dinane ateraken Isun tuku kembang mawar abang ya," jalukipun nyang Seto.

Tepak pitung dina, tanggal 16 April, sun tekani kuburane Aini. Sing lali, Seto ngancani isun ngirim nyang kuburane Aini. Sun turuti penjaluke Aini. Sak gegem mawar abang sun sandhingaken ring paesane Aini.

"Aini..."

"Sepurane hang akeh kadhung Isun wis tau nyulayani rasa iki nyang Rika. Getun, atinisun seru getune. Durung suwe Isun ngarumaken atinrika kaya dene kembang iki, taping Rika wis mentala ninggal Isun. Muga arume kembang mawar iki, bisa nentremaken Rika ring kana. Sampik kapan bain, Rika tetep dadi kembang mawar hang merujuk ring jero atinisun."



# MULIH

Anggitane: Nur Holipah  
Alumnus Universitas Negeri Malang

**R**ing pucuke tilpun, seru ciute atine Mak Tik tepak rungu suwarane Adon ngewartakaken gok Anang warang sampek sing arep madhang. Merga sak warang-warange Anang, masiya sega sak puluk magih gelem mangan. Golet tambane paceke pijet ning Mbah Jumanah, ngombe jamu, utawa digeningaken sedina rongdina bisa waras. Warange merga umure wis akeh. Wis tuwek. Sipat warang, Anang nggarai gupuh hang seger mergane dhemen celuk-celuk hang wis singana. Dirungokaken seru nyekakeni.

Mak Tik maksa gok Anang kudu digawa merene, *ngalor*.

"Ning kidul Isun sing bisa sabendina weruh Apak, Mak. Sing bisa kecal-kecul pisan, pegawean bisa dhedhegan morat-marit. Dhung Apak ning kene yara Isun bisa nyambi, masiya ambi olah-olah pesenane uwong. Sedhilut nginguk-sedhilut nginguk bisa. Kadhung Apak sing arep madhang digu, Isun saya kepikiran ring kene," ucape Mak Tik, kerantara.

"Isun emong! Kelendi jare uwong (tangga)?" Adon semaur, nulak.

"Dadi repot jare uwong, Ndika niki Mak! Apak niku sakit, Emak niki gandhengane," jawabe Mak Tik, serange wis kudu-kudu

mapag Anang digawa ngalor.

"Yong ning kene ana adhik-adhikira," ucape Adon, magih sing aweh. Rungu gedigu, Anang ya nulak. Merga sekaken nang anak-anake, gulakane saya ngeruwedi.

\*\*\*

Dina Jemuah mari maghrib, montore Jonupik disewa kanggone mapag Anang. Mari bandel-bandelan, Adon wis sepakat gok Anang tirah merene. Adon ya milu pisan, dheweke wis pamitan nyang Adon Harisah sing milu matun sulung.

Rupane Anang katon acum, diterak kulite hang kisut. Longong, matane jelekong. Wis gering, saya katon gering. Dicemak awake kerasa panas. Sambatane angger-angger, boyoke jare lara. Anang dipanggonaken ring kamar ngarep, umahe Mak Tik. Cendhela digeningaken ngemblang. Anang jemujung sing gelem diselimuti. Dienggoni kaos kaki, diuthak maning. Bantalan rada dhuwur, kiwa tengen didhang-dhangi guling. Kadhung biyasahe ngombe nggelogok dhewek, iki leren didulangaken nganggo sendhok. Anang wis sing kelar nggegeng gelas, nyalinga gedigu, njejegaken awake leren ditahan makene sing rubuh.

Taping Anang wis gelem madhang, akehe sepuluk rong

puluk. Paran penjaluke, age-age Mak Tik nggoletaken. Kaya arep kukusan sawi ambi godhogan energen. Dudu arep hang nyeremuh.

Emak, Apak lan adhi-adhikisun bolak-balik ngulon nyang umahe Mak Tik. Cangkeme mingkem rapet, lambene sampe rada garing. Sepisan-pisan ndenguh kala ngingser awake. Merga sambat gok boyoke nemen larane. Anang wis sing pati bisa nenger sapa putune. Ditekani, ya mung nulih sak tulihan terus temungkul maning, utawane manthuk terusane ambi njaluk sepura ring lisane hang wis sing pati keca.

Ulih telung dina, Anang digawa periksa. Acake makene weruh paran setemene penyakite Anang iki. Gadug ring dhokter Claudia ring Gentengan kana, Anang dijuluk kon nggawa nyang Rumah Sakit bain. Serta digawa nyang Rumah Sakit, Anang diperiksa nawi tah ana *darah rendah* utawa penyakit hang kaya ana ring jaman saiki, akeh maceme. Temakena kabeh normal. Mula Anang sing tau duwe riwayat penyakit paran-paran. Anang terus diweni obat enggo nyuda panas awake, lan rasa linu ring boyoke makene rada aron.

Obat hang diuweni



dhokter diombekaken, mulane Anang rada enak turune. Sing kaya kawitan teka, saben bengi magih nderini-nderini.

\*\*\*

Genep ulih seminggu, lisane Anang saya ngelantur.

☐"Kendhalinisun iki meh pedhot wis..." lirih ucape wis sing pati keca. Mak Tik ambi ndulang bubur, kerasa semendhal atine. Obat hang diuweni dhokter wis entek. Karepe nak digawa maning, kanggone periksa.

☐"Ngomong paran sih Apak iki?" Saure emakisun.

☐"Adus.... Isun arep adus," ucape Anang maning.

☐"Pak, wau empun siram. Panas-panas ngeten siram mboten apik," alasane Mak Tik.

Panas cemiklak ring njaba.

☐"Banyune entek dienggo umbah-ubah Kang Ajin," abane Adon, menging.

☐"Kudu adus isun... Celukena Ali.. Mulih. Ayo mulih," ucape Anang terus-terusan njaluk mulih. Ambegane Anang ngangsur-ngangsur.

☐"Nginum Pak?" Emakisun nawani. Anang manthuk. Awake Anang dilungguhaken, boyoke teka mburi dicekeli. Arep diselehaken maning awake, Anang kelaran.

☐"Aduuuuh," awake gemeter, cangkeme terus mingkem rapet. Matane cengeng sing ubah. Tangane nggegeng kaku.

☐"Pak, Apak....," Mak Tik nyeluki Anang. Merga kaya sing sadhar, taping melek. Iluhe Mak Tik mberebes mili.

☐"Dhik, juwutena Quran, Dhik," abane Mak Tik nyang Emakisun. Tangane Anang sun cekeli makene sing nggegeng kaku.

☐"Nang... Anang," celukisun ambi lungguh ring tengene.

☐"Hang anter Tik, ngajekena Anange. Engko tah yara dhemen." Setemene isun paham, Mak Tik nggedhekaken atine. Sing bisa muni anter ulihisun ngaji merga diterak banyu mata hang cicir ngepusi pipi. Ciyut temenan atinisin, nuli Anang.

☐"Ali... Wis teka tah Ali? Mulih... Mulih bain,"☐Anang balik sadhar, magih ngomong njaluk mulih.

☐"Ali ning dalam Pak... Enggih, wangsul," jare Mak Tik ngapusi.

Bangete tengah dina, ngarepaken wayahe wong Jum'atan, Mak Tik balik nyeluk

Jonupik kanggo ngateraken Anang mulih ngidul. Kang Ali ditilpun sing agage semaur. Anang wis sing kanti nganteni.

\*\*\*

Anang wis gadug. Gadug Bades, bangete wong magih khotbah ana ring masjid. Sak mudhune wong Jum'atan kabeh padha mara nyang umahe Anang. Umah cilik dadi supek merga ebek wong teka ngewartakaken. Anang ana ring kamar magih dingajikaken Yaa-Siin. Mak Tik, emakisun, Kang Ali lan Kang At wis lungguh mubengi awake Anang. Sing sepira suwi, Anang dipapag. Wis wayahe kanggo mulih. Sing ana hang sing ngerasa kelangan, kabeh padha tangisan.



# BALAI BAHASA JAWA TIMUR

